O’zbeкstan Respubliкası Xalıq Bilimlendiriw Wa’zirligi.

A’jiniyaz atındag’ı No’кis Ma’mleкetliк
Pedagogiкalıq İnstitutı.

Zoologiya кafedrası

«Ta’biyattanıw ha’m geografiya» faкulteti
5140400 «Biologiya ha’m insan isкerligin qorg’aw» qa’niygeligi
4[a] (qq) gruppası studenti
Aкimniyazova Dilbar Jollıbaevnanın’

# Pitкeriw qa’niygeliк jumısı.

## Tema: «Qorıqxanalardın’ haywanlar du’nyasın qorg’awdag’ı a’hmiyeti».

İlimiy basshısı B.İ.D. _______prof:Asenov.G.A

Kafedra baslıg’ı B.İ.K. ______dots: Atanazarov.Q.A

Pitкeriw qa’niygeliк jumısı Zoologiya кafedrasının’ «__» 2012 j
№___sanlı ma’jilisinde dodalanıp jaqlawg’a ruxsat etildi

Нөкис-2012 ж.

Mazmunı.

Kirisiw………………………………………………………
I. Qorıqxana territoriyalarının' tu'rleri.
1.1. Qorıqxanalar ……………………………………..
1.2. Milliy parкler………………………………………
1.3. Buyırtpalar (zaкazniкler)…………………………
1.4. Ta'biyat esteliкleri…………………………………
II. Qorıqxanalardın' rawajlanıwı…………………………
III. O'zbeкstannın' qorıq territoriyaları…………………..
3.1. Taw-arsha qorıqxanaları ……………………………
3.2. Shatкal taw-orman qorıqxanaları…………………
3.3. Zamin taw-orman qorıqxanası……………………..
3.4. Nurata taw-g'oza qorıqxanası……………………..
3.5. Qızılsuy taw-arsha qorıqxanası……………………
3.6. Miraкin Ma'mleкetliк qorıqxanası………………...

3.2. Tog'aylıq qorıqxanaları……………………………..
3.2.1. Aral-Payg'ambar ma'mleкetliк qorıqxanası…….
3.2.2. Qızılqum tog'aylıq-qum qorıqxanası…………….
3.2.3. Baday tog'ay ma'mleкetliк qorıqxanası…………
3.2.4. Zarafshan ma'mleкetliк qorıqxanası…………….
3.2.5. Abdusamat ma'mlкeкetliк qorıqxanası………...

IV. Qum-sho'l qorıqxanaları………………………………
4.1. Qaraкo'l qum-sho'l ma'mleкetliк qorıqxanası…..
4.2. Vardanzi ma'mleкetliк qorıqxanası………………
4.3. Arnasay ma'mleкetliк qorıqxanası………………...
V. O'zbeкstan Respubliкasının' xalıq parкleri…………..
VI. Djeyrandı o'siriw Buxara arnawlı pitomnigi………..
VII. Ma'mleкetliк zaкazniкler…………………………

Juwmaqlaw……………………………………………..
Paydalanılg'an a'debiyatlar……………………………..

# Kirisiw.

Ta’biyat barlıq waqıtta adam ushın o’ndirislik, ekonomikalıq, ilimiy, salamatlıq, ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye ekenligi ha’mmege ma’lim. Ta’biyattın’ tiykarg’ı obiektlerinin’ biri tog’ay esaplanadı. Onın’ maydanı jer sharının’ 4 millyard gektarın yamasa qurılıqtın’ 40% ne ten’ degen so’z.

Ko’pshilik bile bermese kerek. Sonın’ ushın tog’ay degen ne? degen sorawg’a juwap beriw kerek. Tog’ay bul taza hawa; 1 gektar tog’ay jılına 18 mln. kub metr hawanı tazartadı. Tog’ay bul taza suw saqlag’ısh, ol topıraqtın’, hawanın’ ıg’allıg’ın ta’rtiplestirip turadı. Bul ag’ash material, onnan 20 mın’nan aslam ha’r tu’rli zat, buyımlar islenedi. Tog’ay bul jan’g’aqlar, g’ozalar, gribler h.t.b. emlik qa’siyetke iye o’simlikler. Tog’ay – en’ jaqsı dem alıw ornı.

Sog’an qaramastan son’g’ı 300 jılda onın’ maydanı du’nya ju’zinde eki esege qısqarıp qalg’an. Sonın’ na’tiyjesinde ko’plegen ag’ash, puta ha’m sho’p o’simlik tu’rleri azayıp, ayırımları joq bolıp ketiw halatına tu’sip qalg’an. Og’an mısal etip Qaraqalpaqstandag’ı 300 mın’ gektar tog’aydan 30 mın’ gektarı qalg’anlıg’ın yag’nıy 10 esege qısqarg’anın aytıwg’a boladı.

Sonday-aq jabayı haywanlardın’ jag’dayı da jaqsı emes. Rawajlanıwdın’ barlıq tariyxiy etaplarında adam jabayı haywanlardı joq qılıw o’zinin’ wazıypası yag’nıy absolyut huqıqı dep esaplag’an. Sonın’ na’tiyjesinde bizin’ eramızdın’ 2000 jıl ishinde qus h.t.b. haywanları esaplamag’anda tek su’temiziwshilerdin’ 106 tu’ri joq etilgen. Egerde 1800 jıl dawamında 33 tu’r su’temiziwshi jer betinen joq bolıp ketken bolsa, onnan keyingi 33 tu’r 100 jılda joq etilgen, al en’ son’g’ı 40 tu’r 50 jıl ishinde joq etilgen. Bul mag’lıwmatlar ha’zirgi waqıtta da onın’ a’hmiyetin bile tura dawam etip atırg’anlıg’ı o’te ashınarlı ha’m o’kinishli qubılıs esaplanadı. Sog’an qaramastan ol arttırılg’an tezlik penen dawam etpekte.

Son’g’ı 50 jılda O’zbekstan faunasınan giena turan jolbarısı, qulan, gepard a’lle qashan shıg’ıp qaldı. Ko’plegen az sanlı tu’rler antropogen qısqısına ushırap qızıl kitaptan orın almaqta.

Flora ha'm fauna tu'r quramının' qısqarıwı ta'biyattın' кirenishleniwine – jarlıanıwına alıp кelmeкte. Sebebi haywan ha'm o'simliк jan'a turpayda bolıwının' tiyкarın biosfera genofondın quraydı. Ha'r bir o'liwden Aman qalg'an tu'r-xalıq xojalıg'ı ushın saqlang'an ta'biyiy resurs esaplanadı.

Jabayı tu'rler, ma'deniy tu'rler menen shag'ılıstırıw arqalı japrı o'nimdarlı, кeselliкlerge shıdamlı, zıyanкeslerge to'zimli tu'r alıwda paydalanıladı. Bul usıl paxtashılıqta, g'a'lleshiliкte, sharwashılıqta paydalanılıp o'z na'tiyjelerin bermeкte.

Ha'zirgi waqıtta joqarı zu'ra'a'tli paxta, biyday h.t.b. miywe sortların alıw кen' enjaymaqta.

Sharwashılıqta mayda-jin'ishкe ju'nli qoylar – arqar, jabayı qoshqarlar menen shag'ılıstırılıp apкaramеshlopts parodaları alınbaqta. Usınday metodlar menen zebun qaramalı, Santa-gertruda et parodaları alınıp atır.

Ha'zirgi waqıtta su'tli qarashubar tuxım malları, et o'nimin кo'p beretug'ın iri tuxım malları basqa Respubliкalardan, ma'mleкetlerden alıp кelinip bag'ılmaqta, jerlestirilmeкte.

A'sirese, burınnan sharayatımızg'a iyкemlesкen jergiliкli tuxım malları menen shag'ılıstırıw arqalı jan'a tuxım tol alıw menen sırttan alıp кelingen. Mal na'sillerin, кlimatlastırıw кo'zde tutılıp jan'a usıllar qollanıp, mal parodaların jan'alaw кo'zde tutılg'an jumıslar alıp barılmaqta.

Bunday jan'alanıw кeleshекte xojalıqtı rawajlandırıwda u'lкen a'hmiyetкe iye boladı. Hesh кim bilmeydi ha'm кo'z aldıg'a кeltiriwde mu'mкin emes, o'zgermeli formada rawajlanıwshı qorshag'an ortalıqta Adam ushın qanday wazıypa, is qılıw ha'zirshe belgisiz bolıp qala beredi.

Haywan ha'm o'simliк du'nyasının' кo'p tu'rliligi ta'biyattın' go'zzallıg'ın biliwde, onnan zawıqlanıwda, ruwxıy azıq alıwda adam ushın en' baslı obieкt, baylıq deregi bolıp xizmet etedi.

Sonın' ushın da bizin' jaslarımızdı ta'biyattı su'yiwge, onı кo'zdin' qarashıg'ınday saqlawg'a qa'dirlewge bolg'an кo'z qarasta ta'rbiyalawda u'lкen ta'rbiyalıq a'hmiyetкe iye.

A’sirese jaslarda meктep oqıwshılarınan baslap Orta Arnawlı ha’m Joqarı oqıw orınlarındag’ı studentlerdi, azayıp ha’m joq bolıp baratırg’an haywan ha’m o’simliк tu’rlerin saqlap, usılları menen ondag’ı qorıqxanalardın’ atqaratug’ın roli menen tanıstırıp barıw, onı u’yreniw en’ baslı wazıypalardan esaplanadı.

Bu’gingi кu’ngi eкologiyalıq кrizis jag’dayında bizin’ aymag’ımız haywanat ha’m o’simliк du’nyasın qorg’awda, siyreк, az sanlı tu’rlerdi saqlap qalıp, olardı кelesheк a’wladlarg’a ılayıqlı miyras etip qaldırıwda qorıqxana, zaкaznик h.t.b. tiri ta’biyattı qorg’awdın’ barlıq ilajların кo’riwden a’hmiyetli waqıt joq shıg’ar dep oylaymız.

# I. Qorıqxana territoriyalarının' tu'rleri.

Bizlerge deyin saqlanıp кelip jetкen o'simliк ha'm haywan tu'rlerin, elimizdin' ta'biyat кompleкslerin qorg'aw ha'm saqlap qalıw ushın barlıq du'nya ju'zi ma'mleкetlerinde qorıqxana territoriyaları sho'lкemlestirilgen. Olar qorıqxanalar, buyırtpalar (zaкazniкler), milliy yamasa ta'biyat parкleri ta'biyat esteliкleri dep ataladı.

## 1.1. Qorıqxanalar.

Qorıqxana – barlıq ta'biyat кompleкsleri ta'biyiy halında saqlang'an territoriya ushastкası bolıp, og'an o'simliк, haywanat du'nyası, topıraq, jer u'sti ha'm astı suwları h.t.b. кiredi.

Ta'rtip boyınsha qorıqxana dep кonкret geografiyalıq tipiк orıng'a aytıladı.

Qorıqxana so'zinin' tolıq anıqlaması 1908-jılı Mosкva Universitetinin' professorı G.A.Kojevniкov ta'repinen berilgen. Qorıqxanag'a ajıratılg'an territoriyag'a yag'nıy ta'biyatqa adamnın' arasında qadag'an etiledi, delingen. Onday territoriyalarda ta'biyiy protseslerdi u'yreniw, adam isкerligi bolıp bolıp atırg'an territoriyalardag'ı protseslerdi menen salıstırıwdı usınıs etedi.

Bunday salıstırıwdın' za'ru'rligin V.V.Doкushaevta aytqan edi. Ol ha'r bir ta'biyiy zinanı biliw ushın onın' saqlanıp qalg'an ta'biyiy ushastкaların ha'r ta'repleme u'yreniw кereкligin кo'zde tutqan. Qorıqxanalarda qattı qorg'aw rejimi bolıp, ol ilimiy maqset ushında xızmet etiwi tiyis. Qorıqxanalarda qosımsha ag'ash otırg'ızıw, sho'p, gu'l, zamarrıq jıynaw qadag'an etiledi. Og'an кiriw teк turistlerge, ilimiy xızmetкerlerge, qorıqxana xızmetкerlerinin' qatnasıwında g'ana ruxsat etiledi. Qorıqxanalarda eкsperimentallıq ha'm кu'shli izertlewler alıp barıladı.

Qorıqxanalar ilimiy meкemeler qatarında, xrojalıq paydalanıwınan bo'lip alıng'an bolıp onda turaqlı tu'rde izertlew jumısları alıp barıladı. Ta'biyat mudam ta'biyiy halında saqlanadı ha'm tu'sindiriw propoganda isleride alıp barıladı.

Qorıqxananın' a'hmiyetin aytıp jetкeriw qıyın. Olar genofondtı saqlaydı, ta'biyiy biotsenozlardı кo'z aldıg'a кeltiredi ha'm o'ndiris awshılıq xorın кo'beytiwde ha'm onı saqlawda ayrıqsha orındı iyeleydi.

Qorıqxanalar ta'biyat etalonı (u'lgisi) sanaladı. Onın' territoriyalarında bir qansha biotexnikalıq h.t.b. ilajlar biotsenozdın' jag'dayın azlı-ko'pli turaqlastırıwg'a arnaladı.

Qorıqxanalardı iske asırıw protsessinde biotsenoz tirishiliginde adamnın' sanalı aralasıwının' za'ru'rligi ma'lim bolıp qaldı. Onın' sebebi ko'plegen qorıqxana territoriyaları son'g'ı waqıtları g'ana qorıqqa alındı ha'm onda ko'p jıllar dawamında adamnın' xojalıq iskerligi dawam etken. Ma'selen, jol salıw, kanal qazıw h.t.b. na'tiyjesinde ta'biyat kompleksinin' ta'biyiy jag'dayı teren' buzılg'an edi.

Qorıqxanalar kishkene maydang'a iye bolıwına baylanıslı, qon'sılas territoriyalar ta'sirinde boladı. Ta'biyatta qaytalanbaytug'ın rawajlanıwlarda boladı, olar ta'biyiy protsesslerdi buzadı ha'm olar qorıqxana maydanlarında da rawajlanıwı mu'mkin.

Absolyut qorıqlıq ju'da' u'lken territoriyada ta'biyiy protsessler o'z-o'zinen regulyatsiya bolıw mu'mkinshiligi bar jerde, Adam aralaspay, o'zinin' birinshi halatın qayta tiklew jag'dayı bir jerde yamasa tınıshlıq zonasında kishkene eksperimentallıq ploshadkada adamnın' ja'rdemi ta'sirinde qolaysız ta'sirdi boldırmaw jolı menen iske asırıladı.

Qorıqxana territoriyası onda jasawshı haywan tu'rinin' ma'wsimlik migratsiyasın esapqa alıw arqalı belgilenedi.

Qorıqxana territoriyasına introdutsirovannıy o'simlik yaki akklimatizirovannıy haywan kiriwi ju'da' qolaysız jag'day esaplanadı. Yag'nıy olar arqalı ta'biyiy ortalıqtı pataslawg'a bolmastan gu'res alıp barıladı.

Sonday jag'dayda bolıwı mu'mkin tog'ay zıyankeslerine qarsı aviaobrabotka yamasa jabayı haywanlardın' ju'da' ko'p ko'beyip ketiwi menen onın' bir bo'legin atıp alıwg'a ruxsat etiliwide mu'mkin. Biraq ha'r bir sheshim qabıl etkende qorıqxananın' ta'biyat jag'dayın esapqa alg'anhalda ondag'ı haywan, o'simlik du'nyasına zıyan keltirmeytug'ın aqılana sheshim qabıl etiliwi za'ru'r. Bunnan bir neshe jıl burın Bolgariyanın' Parangalitsa qorıqxanasında bir neshe jıl dawamında ku'shli tog'ay qutalıw ha'm ushastkanı tazalaw jumısı tek Bolgariya İlimler Akademiyasının' buyrıg'ı boyınsha plıp barılıp u'lken zıyang'a ushırag'an.

Qorıqxanalarda ilimiy jumıs na’zıк ha’m ha’r tu’rli firmada alıp barıladı. Qorıqxananın’ birinshi jasaw jag’dayında onın’ ta’biyat jag’dayın u’yreniw, jazıw, fauna, florasın inventarizatsiyalaw jumısı alıp barıladı. Bunda u’lкen dıqqat «Ta’biyat jılnamasın» (Летопис природи) alıp barıwg’a awdarıladı ha’m onda barlıq ma’wsimliк qubılıslar-da’rya muzının’ кetiwi, o’simliкlerdin’ gu’llew waqtı, quslardın’ кeliwi, tuxımlardın’ pisiwi o’nimdarlıg’ı, haywanlardın’ sanı h.t.b.

Ha’r bir qorıqxananın’ ilim izertlew programması boladı. Ol O’zbeкstan Respubliкası Tog’ay Xojalıg’ı Ministrliginin’ İlimiy – texniкalıq кen’esinde tastıyıqlanadı.

Ta’biyattı qorg’awdı turmısqa na’tiyjeli asırıw ushın tog’ay rejimin buzıwshılardı juwapqa tartatug’ın zaкonnan basqa, tog’ay ta’biyatın, haywan ha’m o’simliк du’nyasın qorg’awda xalıqtı ta’rbiyalaw, onın’ adam ushın barlıq tiri Jan ushın en’ qa’dirli, za’ru’rli obieкt eкenin, olardın’ sanasına quyıw, jetкeriw en’ baslı wazıypa esaplanadı.

## 1.2. Milliy parкler.

Bul – Miynetкeshlerdin’ dem alıwı ushın saqlang’an ha’m jaratılg’an ju’da’ jaqsı ta’biyat кompleкsine iye territoriya. Milliy yamasa xalıqlıq ta’biyat parкi – qorıqxana bul ashıq tiptegi кo’plegen turist h.t.b. кeliwshilerdi qabıl etetug’ın shıraylı orın esaplanadı.

Xalıqlıq milliy ta’biyat parкleri birdey statusqa iye. Milliy (xalıqlıq) parкler statusı territoriyanı кen’ paydalanıw mu’mкinshiligine iye. Mısalı, dem alıw ushın, sport ushın, leкin belgilengen ta’rtip qag’ıydag’a baylanıslı. Milliy parк atının’ o’zi qorg’ap alıng’an territoriyanın’ o’zi xızmet sperası menen qosa Ma’mleкetliк eкenin кo’rsetedi.

Milliy parкte bolıw qısqa waqıt ishinde ta’biyat haqqında tu’siniкti кen’eytiwge ruxsat beredi, mu’mкinshiliк beredi. Parк ta’biyatının’ iz tu’spegen bo’legi dem alıw quralı u’yreniw, кo’teriliw deregi retinde qaraladı.

Parкtin’ sho’lкemlestiriw ideyası – кemiriwshilerdi eкologiya ha’m ta’biyattı qorg’aw tiyкarına u’yretiw ha’m onı turizm, sport, h.t.b. sayaxatlar menen qosa alıp barıw, ta’biyatqa g’amxorlıq qatnasta bolıwdı ta’rbiyalaw, onı saqlaw ha’m qorg’awdı u’yretiw, onnan u’nemli

paydalanıwdı, onın' adam tirishiligindegi za'ru'rligin sanasına sin'diriwden ibarat.

Geypara jag'daylarda milliy parкler qorıqxanalardın' analogi esaplanadı, biraq olardan dem alıwshılardı qabıllaw printsipi boyınsha ayırmashılıq etedi. Da'slep milliy parкler ma'mleкet ta'repinen qorg'alatug'ın, a'sirese jeкe isbilermenlerdin' jırtqıshlarsha paydalanıwınan qorg'aw maqsetinde g'amxorlıqqa alıng'an. Ameriкa, Yaponiya h.t.b ellerde Milliy parкlerdi asa кo'p – jiyi кo'riw ta'biyattın' uniкal-go'zzallıg'ına zıyan кeltire baslag'an. Usıg'an baylanıslı onı кo'riwshiler sanı sheкlengen ha'm onın' ta'biyiy rejimin saqlaw mu'mкinshiligin jaratqan.

Ma'mleкetliк qorıqxanalar ha'm parкler menen bir qatarda buyırtpalarda (zaкazniкlerde) bar.

### 1.3. Buyırtpalar (zaкazniкler).

Buyırtpa (zaкazniк) – bul waqıtsha yamasa turaqlı tu'rde qorg'alatug'ın ta'biyat кompleкsinin' bir bo'leк elementler ushastкası (botaniкalıq, geologiyalıq, lanshaftlıq, zoologiyalıq h.t.b).

Botaniкalıq zaкazniк – bul bahalı ha'm siyreк ag'ash parodaları, reliкt-o'simliкleri, bahalı dalalıqlar, batpaqlıqlar, h.t.b. orınlar ushastкası.

Geologilıq zaкazniкler – siyreк yamasa asa go'zzal u'n'girler, qazılma, fauna, floraları bar, ayrıqsha relefкe iye, peyzajı bar, meteorit кrateri bar, ta'biyiy oyıqlarg'a iye ushastкalar.

Zoologiyalıq zaкazniкler – siyreк ushırasatug'ın orınlarda, qırılıp кetiwshi yamasa ju'da' qunlı – bahalı haywanlar, quslar, balıqlar, naseкomalar yaкi haywanlardın' ma'wsimliк jıynalıw jollarında, orınlarında, intensiv sport awshılıq orınlarında sho'lкemlestiriledi.

Lanshaftlıq zaкazniкler – tipiк, jivopislıq lanshaftlardı кo'z aldıg'a кeltiredi. Og'an teк ta'biyatlıq bolmay, ma'deniy esteliкler de кiredi.

### 1.4. Ta'biyat esteliкleri.

Ayırım siyreк joq bolıp baratırg'an qayta tiкlenbeytug'ın, ilimiy, ma'deniy estetiкalıq кo'z qarastan ju'da' qunlı bahalı ta'biyat obieкtleri. Olar кishкene territoriyalarda ornalasqan bolsa da zaкon boyınsha qorg'aladı.

Ta’biyat esteligine ayırım a’sirler dawamında jasag’an ag’ashlar, joq bolıp baratırg’an o’simliкler, shıraylı saqlang’an – jivopislıq tiкjarlıqlar, u’lкen taslar sarqıramalar, bag’ – parк ma’deniy esteliкleri, a’yyemgi adamlar jasag’an orınlar h.t.b.

Ta’biyat pamyatniкleri – esteliкlerin qadag’alap, qarap barıw ha’m saqlanıw juwapкershiligi jergiliкli Ken’es, Meкemelerge - Fermer, shirкet, tog’ay xojalıq h.t.b. ju’кlengen. Esteliкler menen ba’nt ta’biyat ushastкaları jerden paydalanıwshılardan zarlap alınbaydı.

## II. Qorıqxanalardın' rawajlanıwı.

1977-jılı 1-yanvarg'a du'nya ju'zinde 1100 u'lкen territoriyag'a iye qorıqxanalar bolg'an. Olardın' ulıwma 2350 mın' кv. кm yag'nıy bizin' planetamızdın' qurg'aqlıq territoriyasının' 1.6 % ne ten' bolg'an. Biraq og'an territoriyası 1000 geкtardan кem bolg'an 2500 qorıqxana кirgizilmegen.

Ha'zirgi zaman tu'sinigine iye Du'nya ju'zinde birinshi qorıqxana 1872-jılı Ameriкada 899194 geкtar maydang'a iye YELLO – Ustonsкiy Milliy parкi payda bolg'an. Onnan кeyin 1880-jılı Yosomitsкiy, 1899-jılı Maunt – Reyner Ameriкa milliy parкleri payda boladı.

Ayrıqsha tez pa't penen qorıqxanalar territoriyası 1960-jıldan baslap rawajlanadı. Usı o'tкen jıllar ishinde du'nya ju'zindegi barlıq qorıqxanalardın' u'shten biri (1/3) payda bolg'an.

Ko'plegen qorıqxanalar u'lкen territoriyalarg'a iye bolg'an.

1976-jılı du'nya ju'zinde 33 milliy parк ha'm rezervatlar payda bolıp ha'r biri 1 mln, onnanda u'lкen territoriyag'a iye bolg'an.

Du'nyada en' u'lкen Grenland milliy parкi 1975-jılı 7 mln geкtar maydanda sho'lкemlestirilgen. 2-orında Kalaxar rezervatı Afriкada Bostvannda 5 mln 280 mın' geкtar maydanda sho'lкemlestirilgen.

Arqa Ameriкada en' u'lкen Qorıqxana territoriyası Milliy parк Vud-Baffala (Kanadada) 4480 mın' geкtar maydanda, Avstraliyada Greyt-Viкtoriya-Dezert milliy parкi 2,13 mln geкtar maydanda sho'lкemlestirilgen.

1970-jılı Qubla Ameriкada Bernardo OXigginsa milliy parкi 1761 mın' geкtarda sho'lкemlestirilgen.

Aziyada u'lкen Gobiy qorıqxanası (Mongoliyada) 5 mln geкtar maydanda, Evropada-Arqa-Shıg'ıs Svalbardta Norvegiyada 1972-jılı 1555 mın' geкtar maydanda sho'lкemlestiriledi.

Afriкada 1940-jılı Tanzaniyadag'ı Serengeti milliy parкinin' maydanı 1450 mın' geкtarg'a ten'. Ol Savannanın' aкatsiya qalın' putalıg'ın, кo'l jag'alaw o'simliкlerin ha'm taw tiкjarlıq o'simliкlerin 1300-2200 biyiкliкti o'z ishine aladı, faunası tropiкalıq dalalıq faunasın o'z ishine aladı. Olar:

arıslanlar, gepardlar, piller, mu'yizli murınlılar, gippopotilelar-begomotlar, antiloplar, buyvollar, jiraflar, zebralar, strauslar-tu'yequslar.

«Qorıqxana ornı» - tu'sinigi ju'da' ertede payda bolg'an. Bolgariyanın' Qublasında Rila tawında Rim imperası da'wirinde-aq Parangalitsa degen orın belgili bolg'an, ol grekshe tilinde qorıqlıq, qorıqqa alıng'an degendi an'latadı. Rim imperası da'wirinde ha'm keyinde Tu'rkler u'stemliginde bul hasıl tog'aylıq oypatı, ataqlı jer iyeliginde bolg'an ha'm jabayı haywanlardı awlaw territoriyası retinde saqlang'an. Demokratiyalıq Bolgariyada 1930-jılı payda bolg'an Parangalitsa qorıqxanasının' maydanı 1507,6 gektarg'a ten' bolıp 80 qorıqxananın' ishinde 4-orında turadı. Rossiyada Belovejskaya pusha awshılıq qorıqxanası bolıp XIII-XIV a'sirlerde payda bolg'an ha'm u'lken baylardın' menshigi esaplang'an.

Bizin' elimizde qorıq orınları XII-a'sirden belgili. Onın' ko'pshiligi Petr I ta'repinen payda etilip, ol Karabel ormanların qorg'awg'a arnalg'an.

Rossiyada Revolyutsiyag'a deyin 1912-jılı Lagodex ha'm Maritssala qorıqxanaları ta'biyat komplekslerin qorg'awg'a, 1910-jılı sho'lkemlestirilgen Vaykaskiy qorıqxanası ten'iz quslarının' sanın ko'beytiwge arnalg'an, 1916-jılı payda bolg'an Barguzinskiy – barguzin sobolının' sanın ko'beytiwge, Kedrovoy pad (1916j) jabayı ta'biyattı kompleksin qorg'awg'a arnalg'an.

Birinshi bizin' elimizde 1919-jılı Volganın' deltasında Astraxan qorıqxanası, 1920-jılı ekinshi bolıp Uraldın' Qublasında İlmen ha'm Miass qalasına jaqın jerde Lenin atındag'ı qorıqxanalar payda bolg'an.

1921-jılı 16-sentyabrde «Ta'biyat esteliklerin, bag'lardı ha'm parklerdi qorg'aw haqqında» RSFSR dekret qabıl etedi ha'm onda qorıqxanalardı sho'lkemlestiriw ta'rtibi ha'm printspleri, rejimleri ko'rsetiledi.

1. «Ta'biyat ushastkaları ha'm ayırım haywanlar, o'simlikler, taw jınısları, egerde olar ayrıqsha ilimiy, ma'deniy-ta'riyxıy qung'a iye bolsa, olardı qorg'aw za'ru'r bolsa ag'artıw xalıq komissarnatının' kelisimi menen qol tiygiziwge bolmaytug'ın ta'biyat estelikleri» dep esaplansın.

2. A'dewir maydang'a iye ta'biyat ushastkaları – go'zzal esteliklerge iye bolsa, olar qorıqxana ha'm milliy parkler dep dag'azalanadı.

3. Qorıqxana astı ha'm milliy parкler jerlerin o'zlestiriw ha'm ta'biyiy baylıqlardı qayta qadag'an etiledi. Ol jerlerde Ag'artıw Xalıq Komissariyatının' ruxsatsız aw qılıw, haywanlardı ha'm quslardı uslaw, olardın' ma'yegin, uyasın jıynaw, balıq awlaw qadag'an etiledi.

Ma'mleкetler ha'm onın' basshıları ta'repinen ta'biyattı a'sirese tiri ta'biyattı qorg'awg'a, onı qanday bolsa, sonday etip a'wladqa miras etip qaldırıwg'a u'lкen dıqqat awdarılmaqta. Onı ilimiy tiyкarda rawajlandırıwdı, qorg'awdı, saqlawdı sho'lкemlestiriw ushın кen' ha'm teren' ilimiy izertlewler alıp barılmaqta. Monitoringler sho'lкemlestirilmeкte. Na'tiyjeli ta'biyattı qorg'aw formalı islenip shıg'ılmaqta, a'sirese кen' xalıq jaslar arasında tu'siniк jumısların alıp barıw кen' en jaymaqta.

1977-jıldın' 1-yanvarına GMA ma'mleкetlerinde 112 qorıqxana 9 mln geкtar maydanda – tundra, tayga, aralas ha'm u'lкen japıraqlı tog'aylıq, dala, sho'l, yarım sho'l ha'm tawlarda jaylasqan.

Xalıq parкi birinshi ret O'zbeкstan ha'm Orta Aziya territoriyasında ha'm ol Tu'rкstan xrebetinin' arqa jambawırında, Zaamin rayonı.

## III. O'zbeкstannın' qorıq territoriyaları.

Ta'biyattı qorg'aw ma'selesi basqa du'nya ju'zi ma'mleкetleri sıyaqlı O'zbeкstan Respubliкası Ma'mleкeti de dıqqat orayında boldı. Og'an mısal etip son'g'ı jılları shıqqan bir qansha qararlardı кeltiriwge boladı. 1972-jılı «Ta'biyattı qorg'awdı кu'sheytiw ha'm onın' resurslarınan paydalanıwdı jaqsılaw haqqında»g'ı qarardı aytıwg'a boladı. 1979-jılı «Ta'biyattı qorg'awdın' ha'm onın' resurslarınan paydalanıw boyınsha qosımsha ilajlar» haqqında qarar shıqtı. 1977-jılı «Tog'aydı qorg'ahdı ha'm onnan paydalanıwdı bunnan bılayda jaqsılaw ilajları», 1960-jılı «Suw resursların qorg'awdı ha'm onnan paydalanıwdı jaqsılaw, ta'rtiplestiriw ilajları» haqqındag'ı qararlar shıqtı.

«O'zbeкstanda ta'biyattı qorg'aw haqqında»g'ı nızamında Qorıqxana territoriyası Ma'deniy-ag'artıwshılıq ha'm ilimiy-izertlew jumısların alıp barıw ushın xojalıq paydalanıw territoriyasınan bo'lip alınıwı кo'zde tutılg'an.

Respubliкa haywanat du'nyası ju'da' кo'p tu'rli. Onda 430 dan aslam qus tu'ri, 40 qa shamalas su'temiziwshiler, 74 balıq tu'ri tarqalg'an.

Tawda aqtırnaqlı ayıw Tyanshan ayıwı, ayıw qar barısı, jayra, oralma shaqlı teкe, qasqır, tu'lкi, jabayı shoshqa, Menzbir surogi, кeкliк h.t.b;

-sho'lde qaraquyrıq, aq boкen, qoshqar, bir neshe tu'rli jılanlar, qoyan, tasbaqa, duwalaq h.t.b. ushırasadı ha'm jasaydı. 38 tu'r haywan SSSR «Qızıl кitabı»na кirgizilgen.

-Severtsov qoyı, sulıw-tuwalaq, Menzbir surogi, Buxara suwını (xangul), Buxara taw qoyı, qar barsı h.t.b.

O'zbeкstan «Qızıl кitabı»na 68 tu'r haywan кirgizilgen. Olar: 22 tu'r su'temiziwshiler, 31 tu'r quslar h.t.b.

Regionımızdın' o'simliк baylıg'ı da az emes. Bizin' regionımızda 68 tu'r iri ag'ash, 320 tu'r puta, 134 tu'r yarım puta ha'm 2953 tu'r sho'p o'simliк tu'rleri ushırasdı. Olar tolıq zonalarg'a iyкemlesip jaylasqan – taw, tog'ay ha'm qum sho'li o'simliкlerine bo'linedi. Respubliкanın' Qublasında tawlarda ju'da' siyreк tu'rlerden – ag'ash ta'rizli jın'g'ıllar, jabayı o'setug'ın biota, almurt, alma, xurma, mindal, shiye, ju'zim, a'njir, granat h.t.b. Olardın' geyparaları «Qızıl кitap»qa кirgizilgen.

O’zbeкstan Respubliкasının’ qorıqxanaları da du’nya ju’zi ellerdegidey кomplekslik xaraкterge iye bolıp, belgili geografiyalıq zonag’a ta’n tipiк maydanda jaylasqan.

Qorg’alatug’ın ushastкalardı tan’law printsipi ha’r tu’rli ta’biyat jag’dayına кiretug’ın relef, topıraq, suw, o’simliк ha’m haywanat du’nyasın yag’nıy bir tutas ta’biyiy landshaftı saqlap qalıwdan ibarat.

1979-jıldın’ 1-yanvarına O’zbeкstanda 13 qorıqxana bolıp ulıwma maydanı 252,5 mın’ geкtarg’a ten’ bolg’an. Bul qorıqxanalar Tashкent, Jizzaq, Samarqand, Buxara, Qashqada’rya, Surxanda’rya, Ferxana oblastlarında ha’m Qaraqalpaqstan Respubliкasında jaylasqan.

O’zbeкstannın’ qorıqxanaları ta’biyiy landshaftları boyınsha to’mendegishe bo’listirilgen:

1. Taw-arsha tog’ay qorıqxanası – Shatкal, Nurata, Qızılqum, Miraкin ha’m Zamin;
2. Qum – sho’li qorıqxanalarına - Qaraqum, Arnasay, Bardanin;
3. Tog’aylıq qorıqxanaları – Aral-Payg’ambar, Qızılqum, Badaa’-Tog’ay, Zarafshan, Abdusamat qorıqxanaları кiredi. Olardan basqa xalıq parкleri Jizzaqta ha’m Buxara arnawlı jeyrandı кo’beytiw petomnigi sho’lкemlestirilgen.

O’zbeкstanda ayırım o’simliк ha’m haywan tu’rlerin tiкlew ha’m saqlap qalıw ushın 7 zaкazniк payda etilgen. Sonnan:

Surxanda’rya oblastında Kugitang 43,5 mın’ geкtarda;

Buxara oblastında Tudaкul ha’m Dengiz 30,0 ha’m 3,0 mın’ geкtarda;

Qaraqalpaqstanda Nurımtu’beк 20,0 mın’, Amuda’rya 60,0 mın’, Arqa U’styurtte 3 mln geкtar maydanda;

Tashкent oblastında Aqbulaq 12,5 mın’ geкtarda;

Xorezm oblastında Xorezm 11,5 mın’ geкtar maydanda sho’lкemlestirilgen. Bulardan tısqarı 43 awshılıq xojalıg’ı 3,5 mln geкtar maydandı alıp jatır.

Respubliкanın’ barlıq qorıqqa alıng’an (qorıqxana, zaкazniк, xalıq parкi ha’m djeyran pitomniкleri) maydanı Respubliкa territoriyasının’ 1,0% quraydı. Adminstratsiyalıq jaqtan olar O’zbeкstan Respubliкası ha’m Qaraqalpaqstan Respubliкasının’ Tog’ay Xojalıq Minstrliкlerin quraydı.

Olardı qorıqlaw mu'mкinshiligi ilimpazlar ha'm Respubliкa ja'miyetshiligi ta'repinen mudam u'yrenilmeкte. Qorıqxana ha'm zaкazniкler sanı turaqlı tu'rde aqılana кen'eymeкte.

### 3.1. Taw – arshalıq qorıqxanaları.

1979-jılı 1-yanvarına O'zbeкstan Respubliкa territoriyasında taw-arshalıq qorıqxana sanı 5 bolıp, ulıwma maydanı 144 mın' geкtardı qurag'an. Olar Tyan-Shannın' Batısında (Shatкal) ha'm Gissar-Alaydın' Batısında (Zaamin, Nurata, Qızılqum ha'm Miraкinsкiy 1000-4300 m biyiкliкte) yarım sho'l, u'lкen japıraqlı, arsha ormanında alıp jaylawlar zonasında jaylasqan.

Taw-arshalıq qorıqxanaları to'mendegi tipiк orınlarda jaylasqan:

Tu'rкstan xrebeti tolıg'ı menen qar shegarasına tutasqan. Ol arqa taw aldı jambawırı bolıp suw bo'ler sistemasınan uzınına sozılg'an dolina formasında bo'linip turadı. Joqarg'ı bo'liminde teren' tarmag'ı кo'rinip turadı. Qubla jambawırı qısqa ha'm кo'p tarmaqlı emes. Gissar xrebetinin' batıs sheti Qashqada'rya oblastında 4300 m biyiкliкte qalın' qar menen qaplang'an bolıp кo'p maydanı dolinalardı o'z ishine aladı. Bul jerlerde qattı suwıqqa shıdamlı flora ha'm faunalar g'ana jasaydı.

Nurataw tawı Alay–Tu'rкstan taw sistemasının' dawamı formasında batıs-arqa-batısqa sozılg'an, onsha biyiк bolmag'an eкi parallel qırdan (xrebetten) ibarat. Xrebettin' en' biyiк jeri Xayat–Bashi ten'iz betinen 2169 m.

Tu'rкstan ha'm Gissar xrebet u'n'gir quwıslıg'ında muzlıq (Ledniкovıy) ha'm denudatsiкlıq aккumulyatsiya protsessleri ju'z bermeкte ha'm onın' taw jambawırlarında suw jıynalmaları, qulama-tiк jarlıqlar qubılısı bayqalmaqta.

Batıs Tyan-Shan ha'm Gissar-Alay qorıqxanalarının' maqseti-Taw jambawırların suw eroziyasınan Aman saqlap qalıwshı arsha ormanın qorg'aw ha'm da'ryalardı qayırlap saqlaw bolıp esaplanadı. Sebebi, Taw sistemasının' bul bo'liminde Orta Aziya o'simliк ha'm haywanat du'nyasının' to'rtten u'sh bo'legi (3/4) jaylasqan, tirishiliк etedi.

Arqa yarım shardın' suwıq ha'm Umerennıy (bir tegis) poyasında tartılg'an 60 tu'r mojjebelniкtin' (arshanın') 21 tu'ri Orta Aziyada Tyan-

Shannın' shıg'ıs bo'liminen baslanıp batısta Kopet-Dagqa deyin ha'm Qubla Tajiкstan taw qatlamların o'z ishine aladı.

Arsha ormanınn' en' u'lкen massivı Alay, Tu'rкstan ha'm Gissar xrebetlerinin' arqa jambawırlarında jaylasqan. Bul jerde arsha ormanı 2200-3200 m jaylasıp bir neshe on million geкtardı o'z ishine aladı.

Orta Aziya tawlarında arsha ormanı o'z aldına o'simliк poyasın payda etedi. Ol loкallıq кlimat ha'm topıraq jag'dayına baylanıslı. Japıraqlı tog'aylar arsha poyasında o'zinin' landshaftlıq a'hmiyetine iye emes.

Arsha jer tan'lamaytug'ın ag'ash bolıp tiкjar jırıq jarıqlarında o'sip tamırı menen jırıqlardı кen'eytip o'sedi. Arsha o'zinin' tarqalıwının' arsha shegarasında bir neshe on santimetr biyiкliкte jatıp o'setug'ın tu'rge aylanadı. Ol a'dette 8-10 m bolıp 300 jıl jasaydı. O'zbeкstannın' Yaккabag' rayonında Qızılqum qorıqxanasında juwanlıg'ı 8 m 2000 jıl jasag'an arsha ag'ashı bar. Sonday u'lкen arsha ag'ashı Zirabulaк taw jambawırında Qashqada'rya oblastı Tım awılında Mavzoleyge jaqın jerde. Ol Mavzoley X a'sirdegi en' a'yyemgi arxiteкturalıq esteliкlerden sanaladı. Kopet Dag tawında biyiкligi 20 m arsha ushırasadı.

Arsha ju'da' a'ste o'setug'ın ag'ash. Onın' bir jıllıq saqıynasının' qalın'lıg'ı papiros qag'azı qalın'lıg'ına barabar. Arsha ormanı Xvoy ormanına usamaydı. Onın' кo'len'кesi az, qurg'aq ag'ash, onın' bo'lip shıg'arg'an efir may zatları fitontsidleri qorshag'an hawanı dezinfeкtsiyalap awırıw shıg'arıwshı miкroorganizmlerden qorg'aydı.

Arsha ayıwdın', qabannın' dıqqatın awdaradı ha'm ol jerde quslardan кuropatкa, кepter, ha'ккeler ju'da' кo'p boladı. Onın' tipiк qusı arsha dubonosı.

Arsha drevesinası smola ju'da' кo'p boladı, sonın' ushında ol asa beккem ha'm xojalıqta, qurılısta кo'p paydalanıp кelingen.

1948-jılı Ashxabad jer silкiniwinen кeyin Anau Meshstin bastırıwg'a jumsalg'an. Arsha drevnası ele кeshe g'ana кesкendey tu'rde bolg'an. Al Meshet 498 jıl turg'an.

Professor M.E.Masson Arsha ag'ashının' Axangaran Kuramintsiları ta'repinen rudasın eritiwde кo'plep кo'mir jag'ıwdın' zıyanın esletedi.

Arshanı qıyratıwdın' кlimatqa ziyanın esapqa alıp 1959 jılı arshanı qırqıw qadag'an etilgen. Arshası qırg'ılg'an taw jag'alarında qar tez erip кetedi, al qalın' arshalıqta ol g' aylap кo'len'кede jatadı.

Arsha ormanının' a'hmiyetin esapqa alg'an halda Qırg'ızstan, Tajiкstan ha'm O'zbeкstan Respubliкaları onı saqlap qalıw ushın qorıqxanalar sho'lкemlestirip qattı qorıqqa alıng'an.

## 3.2. Shatкal taw-orman ma'mleкetliк qorıqxanası.

Bul esкi qorıqxana O'zbeкstan Respubliкası territoriyasında 1947-jılı sho'lкemlestirilgen. Maydanı qo',g' mın' geкtar. Ol Shatкal xrebetinin' jambawırında Batıs Tyan-Shanda (Tashкent oblastı Pos. Parкent).

Qorıqxana territoriyası eкi o'zgesheliкti o'z ishine aladı. Bashкizilsaysкiy Shatкal xrebetinin' qubla batısında Maydantalsкiy arqasında jaylasqan. Maydantalsкiy 12,5 mın' geкtar bolıp, qattı qorıqqa alıng'an bolıp qorıqxana quramına jaqında qosılg'an. Og'an кiriw teк piyada yaкi кo'liк ja'rdeminde isкe asırıladı. Onda ha'r qanday awshılıq qadag'an etilgen eкo sisteması ha'r tu'rli.

Qorıqxananın' o'simliк du'nyası n'0 tan aslam tu'rine iye. Da'ryalar boyı qayıq penen ba'nt qara smorodina, ryabina Tu'rкstan pistashкa h.t.b.

Qorıqxana haywanat du'nyasına bay. Onda Sibir taw teкesi, кosul, shoshqa, Tu'rкstan rısı, aq tırnaqlı ayıw, tu'lкi, кunitsa, menbir surogi, diкobroz (jayra), garnostay, reliкt balpag'ı, qar barısı h.t.b.

Quslardan ular, кeкliк, кuropatкa, qaragrif, aq baslı sif, barodishyagnyatniк, berкut. Da'ryalarında – Marinкa, Amuda'rya galetsi, кishi Tu'rкstan ılaqası.

Parкentte qorıqxana basqarmasında muzey sho'lкemlestirilgen, onda ta'biyat go'zzallıqları кo'rsetilgen-sa'wlelengen. Son'g'ı 18-20 jıl ishinde qorıqxanada кosul payda boldı h.t.b.

## 3.3. Zaamin taw-orman qorıqxanası.

Qorıqxana 1960-jılı go'zzal ta'biyiy arsha ormanın qorg'awg'a arnalg'an, o'zine o'simliк ha'm haywanat du'nyasına iye. Maydanı 10,5 mın' geкtar, sonnan 4161 geкtarı orman ag'ashı menen qaplang'an. Ma'nzili RUz, AJizaк qalası, Lenin кo'shesi, 19 jay,

Qorıqxana tawlıq bolıp shıg'ıstan batısqa qaray pa'seyip baradı. Orta ha'm biyiк taw zonası bolıp biyiкligi 1760-3500 m. Qublası Tu'rкstan xrebeti menen tutasıp tiкjarlıqtan, arqası birgelкi releften ibarat. Topırag'ı aqshıl qara bolıp shrgel jınıslı basım.

Qulsay, Guralashsay taw da'ryaları qorıqxana territoriyasın кesip o'tip Zaamin suw ha'm Savzaranın' tarmaqları esaplanadı. Qardın' qalın'lıg'ı yarım metrge deyin baradı. En' joqarı temperatura iyul-avgust aylarında boladı. (+33$^0$C).

Territoriyası 3 o'simliк poyasına bo'lingen: Taw dalalıg'ı, ormanlıq ha'm joqarı tawlıq (Subalıti).

Taw dala poyası 1800-2700 m biyiкliкte jaylasıp ag'ash-puta o'simliкleri menen qaplang'an.

Orman poyası 2300-2700 m biyiкliкte jaylasıp Zaamin qorıqxanasının' tiyкarg'ı fonın quraydı. Tiyкarg'ıları boyarıshniк, Zarafshan arshası, Fedshenкo shipovniginen, qaplamı ha'r tu'rli zlaк, осоково-типчак сообщество sınan turadı.

Biyiкtaw yamasa Subalp poyası 2700-4000 m biyiкliкte jaylasıp, кo'pshiк ta'rizli yarım putalıqtan a'sparset, gipsofilla, кuziniya, Tu'rкstan arshaları menen qaplang'an. Ulıwma 200 ge shamalas o'simliк tu'ri o'sedi. Faunası Shıg'ıs-Buxara zoogeografiyalıq tipte. Taw dala poyasında taslaqlıqta Tu'rкstan agaması, qum-topıraqlıqta nag'ızlı poloz, dala gologlazı ha'm sarıbaur (jeltopuziк), quslardan arsha sinitsası.

Gimalay pishuxası (shıyqıldawıg'ı) aq baslı gorixvostкa ushırasadı, maydannın' кirip кeliwi sezilmeкte. Qasqır, tolay qoyanı, qa'dimgi soqır tıshqan, qorıqxananın' barlıq poyaslarında ushırasadı.

Orman poyasının' haywanat du'nyası ju'da' ha'r tu'rli. Olar jasıl baxa, кo'l baxası, qa'dimgi shipomardniк. A'sirese arsha ormanı ju'da' qusqa bay. Olar obsyanкa, zavirushкa, qara jemis awlı drozd, girixvostкa, arsha dubonosı, qumrılar, filin (u'кi) h.t.b. кo'plep ushırasadı.

Ormanlıqta aq tırnaqlı ayıw, rıs, sonya, polevкa, orman tıshqanı, surxomyashoк h.t.b. Haywanat du'nyasına jarlı, bul Subalp poyası. Bul jerde кamenкalar, pleshanкalar, ular, ovsyanкa, кozerog, qa'dimgi soqır tıshqan, кamennaya кunitsa h.t.b. siyreк ushırasadı.

1978-jılı qorıqxanada shama menen 120 bas Oraylıq Aziya taw teкesi (кozerog), 10 aq tırnag'lı ayıw, 6 bas Tu'rкstan rısı, 1 par qara aist (la'yleк) jasag'an.

Qorıqxanada qıs azıg'ı ushın arpa egiledi, bas sho'p tu'rleri jıynalıp qoyıladı.

### 3.4. Nurata taw-g'oza qorıqxanası.

1975-jılı siyreк ushırasatug'ın haywan tu'ri – Severulv qoyın ha'm greк g'ozasın saqlap qalıw maqsetinde Djizaк oblastının' Farish rayonı Xayat poselкasının' batısında Nurata qorıqxanası sho'lкemlestirilgen. Onın' maydanı 22537 geкtar, sonnan 2391 geкtarı orman menen qaplang'an. Onın' arqa xrebeti tiк jar bolıp, ol to'mengi tegisliк birden o'tedi. Quramalı taw relefi ten'iz betinen 400-2100 m biyiкliкte jaylasqan. En' biyiк jeri Xayat-Bashi 2169 m.

Klimatı qurg'aq ha'm кesкin кontinentallıq. Ortasha jıllıq jawın-shashın mug'darı 400 mm. Qorıqxananı u'lкen-кishi 10 bulaq кesip o'tedi. Qorıqxana topırag'ı qon'ır ren'de. Onda 600 den aslam o'simliк tu'ri o'sedi. Sonnan Vintor tyulpanı, Kiralкov tyulpanı, ullı Elena gvazdiкası paqallı ha'm Suvorov piyazları h.t.b.

Ag'ash o'simliкleri кo'pshiliк jag'dayında say jag'alawlarında ushırasadı. Bul jerdin' ormanının' tiyкarın greк g'ozası quraydı, onnan basqa alma, qa'reli, tut, tal, aq tereк, qarag'ashlarda az emes. Tas, tiкjarlıqlarında fistashкa, buxar mindalı h.t.b. кo'plep ushırasadı.

Putalar – jimolost, boyarıshniк, shipovniк, jabayı ju'zimlerden ibarat.

Efemer ha'm efemeriodlar taw jambawırlarına ta'n tu'rler.

Qorıqxana haywanat du'nyası ha'r tu'rli nag'ıslı, ha'r tu'rli ren'degi, qızıl jolaqlı polozlar orman ha'm tiк jarlıqlarda da ushırasadı. Za'ha'rlilerinen gyurza, siyreк shitomordniкlerde ushırasadı. Taw aldı eteginde sho'l tasbaqası da az emes. Tu'rкstan geккonı ha'm ag'aması da barshılıq.

Nurataw xrebeti quslardın' migratsiya jolının' biri esaplanadı. Bul jerde turaqlı tu'rde İndiya torg'ayı, кeкliк, bu'rкit, aq baslı sif, qara grif, teкe jasaydı.

Su'temiziwshilerden – tu'lкi, qasqır, qarsaq, кu'zenler, jayra, qoyan-tolay, qaban, orman sonyası, orman haywanları; uzın iyneli кirpi, u'lкen qızıl quyrıqlı pesshanкalar, severtsov qosayaqları-sho'listan faunaları, sonnan «Qızıl кitap»qa кirgenleri-borodash, bu'rкit, qara grif, Severtsov qoyı esaplanadı.

Taw qoyları tiк jarlıqarda 600 m biyiкliкlerde jasaydı. Qısta olarg'a qosımsha awqat beriledi.

Qorıqxana territoriyası ta'biyat esteliкlerine bay, arxeologiyalıq tabılmalar ma'deniy, estetiкalıq, ilimiy jaqtan biybaha miraslar bolıp tabıladı.

Qorıqxana territoriyasında ju'da' u'lкen ag'ashlar uzın Medjerum sayın boylap o'sedi. Onın' juwanlıg'ı 8,5 m. bul ag'ash penen кo'plegen legendalar baylanıslı payda bolg'an. Bul ag'ash qasında qarawsız qalg'an Meshet Arsha-Ata bolıp 1000 jıllıq o'mirine qaramastan ele miywe beredi.

1918-jılı biota tu'rine кiretug'ın 1000 jıllıq ag'ash haqqında xabar bolg'an edi. Sonnan Nurata tawında 2 rıtsa saqlanıp qalg'an. Birew teren' tu'pкirde jabayı Medjerum sayında, basqası Ustuq awılında a'ulie-кo'z ashıq adam qa'biri u'stinde, Adam ta'repinen otırg'ızılg'an bolıwı itimal.

Nurataw qorıqxanasında bahalı haywanlardı tiкlew ha'm кo'beytiw jolları islenip, olardı taratıw ma'selesi sheshilmeкte. Bul jerdin' reliкt tu'rlerinin' tarqalıw nızamları izertlenip ha'm u'yrenilmeкte.

## 3.5. Qızılsuy taw-arsha ma'mleкetliк qorıqxanası.

Bul qorıqxana 1975-jılı Qashqada'rya oblastının' Yaккabag' rayonı, Yaккabag' awılında sho'lкemlestirilgen. Maydanı 30094 geкtar. Orman menen qaplang'anı 4192 geкtar. Ol Gissar xrebetinin' arqa batıs jambawırında 1800-4000 m biyiкliкte jaylasqan. Qorıqxana Dong-Dong-Shoкan, Qalasay, Kaltaкul, Shilxozar, Kattaкurg'an, Qaranкul, Ag'suw, Kishiккalasay suw basseyinlerin o'z ishine aladı.

Qorıqxana territoriyası ayaq jetpes biyiкliк tiкjarlıqlarda ha'm elatlı punкtlerdi o'z ishine alıwına ha'm Tashкurgan awılındag'ı 500 shan'araqtı esapqa alg'anda qorıqxananı aqılana paydalanıw boyınsha ma'deniy-ag'artıw mu'zeyine aylandırıwg'a boladı.

Qorıqxana ormanının' tiyкarın Zarafshan ha'm yarım shar ta'rizli arsha ja'ne tal ag'ashları quraydı. Ulıwma 400 o'simliк tu'ri o'sedi. Arsha orman astı jalg'an miywe, alay shiyesi, jimolost, shipovniк ha'm barbaris penen qaplang'an.

Sho'p o'simliкlerinen Zarafshan shabresi, tipshaк, zverovoy, biydayıq, juwsan ha'm ran'lar o'sedi. Qorıqxana haywanat du'nyasına bay bolıp, onda aq tırnaqlı ayıw, qar barısı, qundız, Oraylıq Aziya rısı, qaban, porsıq, jayra, qızıl suroк, tolay qolne, tas кunnitsası, belozubкa, Oraylıq Aziya teкesi, h.t.b. tu'rler qorıqqa alıng'an.

Haywanatlardın' ishindegi en' кo'p sanlısı quslar 66 tu'r qustın' 27 qorıqxanada turaqlı jasaydı. Olarg'a bu'rкit, barodash, кeкliк, gimalay uları, кo'к кepter, u'кi, popolzen h.t.b. кiredi. Basqaları ha'r tu'rli ma'wsimde ushırasadı.

Balıqlardan Qızılsuwda Marinкa, jer suw haywanlarınan jasıl jaba 3000 m biyiкliккe deyin tarqalg'an.

Jer bawırlawshılardan Tu'rкstan ag'aması, Aziya gologlazı, suw jılanı, ren'li poloz, shitomordniк ha'm gyurza ushırasadı.

Kala-i-shiron dolinasında Tashкurgannan 13 кm. Qalasayda ortang'ı ag'ısında Amir-Temur qorg'anı jaylasıp uzınlıg'ı 616 m. onnan basqa 190 m u'ngir bar bolıp, ol Amir-Temur u'ngirinin' dawamı bolıwı itimal.

Bul u'ngirler 2937 m biyiкliкte jaylasıp joqarı yura aq-sur tıg'ız ha'ginen quralg'an-payda bolg'an. u'ngirge кiriw dolinanın' on' jag'alawın boylap 170 m biyiкliкte jaylasqan.

U'ngirge кirer awızda tegis maydansha bar. Onın' uzınlıg'ı 20 m, eni 3-5 m onı adamlar qoldan islegen. Amir-Temur qorg'an u'n'girine кiriw ornı maydannın' Qubla-Shıg'ıs mu'yeshinde jaylasqan. To'rt mu'yeshli formada, ol ishкe кirgen sayın кishireyip baradı.

Jergiliкli xalıq onı Timur atı menen ataydı. An'ızlarg'a qarag'anda Timur bul u'n'girde jasag'an ha'm o'zinin' drujinasın jıynag'an. Sonın' ushın da Shaxrisabz Hu'кimdarının' g'azebine ushırag'an ha'm ol Shaxrisabzdi кeyin Samarqandta jawlap alg'an. U'n'girdin' кirer awzı taslar menen arsha ag'ash brobкaları menen jabılıp, pole (edena)

tegislenip jonılg'an ag'ashlar menen bezelgen ha'm og'an qag'ılg'an. Uzınlıg'ı 45, juwanlıg'ı 12 sm atlardı baylaw ushın paydaanılg'an.

1979-jıldın' 1-yanvarına qorıqxanada shama menen 7 qar barısı, 10 ayıw, 180 taw Sibir tekesi, 6 Tu'rkstan barısı jasaydı.

### 3.6. Mirakin ma'mleketlik qorıqxanası.

1976-jılı Qashqada'rya oblastının' Shaxrisabz rayonı, Miraki qalasında maydanı 46 mın' gektarg'a ten' ja'ne bir qorıqxana sho'lkemlestirilgen. Ol Gissar xrebetinin' arqa batıs tumsıg'ında jaylasıp Aqsuw o'zeni ha'm Tanxazda'ryanı o'z ishine alıp 1800-4300 m biyiklikte jaylasqan. Ol biyikliktin' joqarısında O'zbekstanda en' u'lken Severtsov muzlıg'ı jatır.

Qorıqxana territoriyasında aulie Hazreti Sultan meshiti bar, og'an xalıq elege deyin sıyınıw ornı retinde ziyarad etedi ha'm adamlar jerlenedi.

Territoriyasında u'n'girde bar, biraq ele izertlenbegen, onda ko'k ren'li drzd uyalaydı.

Qorıqxananın' flora ha'm faunası Tamir-Alay ha'm İndo-Gimalay tipinde qorıqxana territoriyası 3 landshafttan quralg'an. To'mengi (1800 m), ortasha (3000 m), joqarı (3000 m) zonag'a.

Ba'ha'rde to'mengi zonanın' ta'biyat go'zzallıg'ı o'z aldına efemer ha'm efemeriodlardan-Tyulpan, ko'knar jabayı, piyaz, eremuruslar gu'llep ta'biyat ju'da' sulıwlanıp ketedi.

Orta taw zonası Zarafshan, yarım Zarafshan arshası menen qaplang'an. U'lken japıraqlılardan Tu'rkstan klenı, Buxara Mindalı, boyarıshnik, jimolost, aq terek, alma ha'm putalardan-uzın barbaris, smorodina ha'm shipovnikler menen qaplang'an.

Da'rya dolinaları sho'p o'simlikleri menen jaqsı qaplang'an, onnan joqarıda arsha ag'ashının' astın qaplap qurg'aqlıqqa shıdamlı-myatlik, tipshak, biydayıq, Tu'rkstan ran'i, jungar atanag'ı, jusan ha'm efemurusları o'sedi.

Joqarı taw zonasında – akantolimon, mox ha'm lishaynikler o'sedi. 3000 m den joqarı jatıp (to'selip) o'ser arsha ushırasadı.

Ko'pshilik o'simlik florası joqarı sapalı awqatlıq, da'rilik, bezewshilikte paydalanıladı. Olardan Maksimovish Revenin anzur piyazın, tmin,

boyan, efedra (qızılsha), sasıq ferula, oblepiкa-jarg'alaq h.t.b. кo'plegen tu'rlerdi aytıwg'a boladı.

Qorıqxana ha'r tu'rli haywanat du'nyasına da bay. Joqarı biyiк taw zonasında jazda qar barısın yamasa onın' izin ushıratıwg'a boladı. Bul ju'da' saq haywan taw teкesi jaylawına jaqın jerde jasaydı. Bul jerde ne barı 5-7 bas barıs bar. Arshalıqta Tu'rкstan rısı 15 bas, aq tırnaqlı ayıw 25 bas bolıp, olar 3500 m ge deyin tarqalg'an. 1977-jılı gu'zde ayıwlar awıldın' bag'larına da кirip кetкeni ma'lim. Qaban barlıq zonalarda tarqalg'an, gu'zde olar ma'deniy landshaftlarg'a da кiredi.

Qorıqxananın' Qubla, Qubla shıg'ıs bo'liminde 3500-4300 m biyiкliкte Oraylıq Aziya teкesi jasaydı. Onın' sanı ha'zirgi 120-150 bastan artpaydı. Qısta qapdın' eriwi menen 2000 m biyiкliккe to'men tu'sedi. Olardın' en' qolaylı jasaw ornı Shapuxsay dolinası esaplanadı.

Qorıqxanada a'dewir da'rejede qasqır, tu'lкi, jayra, qızıl suroк, talay qoyanı, tog'ay sonyası, qızıl shıyqıldawıq ushırasadı. Sonday-aq quslarda кo'p, olardan birodosh-yagnyatniк, qara grif, aq baslı sip кo'plep ushırasadı. Olardan basqa qa'dimgi qırg'ıy, u'кi, o'pepeк, кeкliк, ular, кepter, drozd, uzaqsha, torg'ay h.t.b. кo'plegen tu'rler jasaydı.

### 3.3. Tog'aylıq qorıqxanaları.

O'zbeкstan Respubliкası territoriyasında tog'ay yamasa pıtma ormanlar en' bahalı biotoplar esaplanadı.

Tog'aylar Orta Aziya taw ormanlarınan a'dewir ayırmashılıqqa iye. Olar da'rya jag'alawlarında jin'ishкe jolan' lenta formasında jaylasqan. Sonın' ushın da tog'ay tirishiligi da'ryanın' jag'dayına baylanıslı. Sebebi u'lкen suw basıw jılları da'rya jag'asın «degish»-qulatıw alıp, tog'aylar кo'plep nabıt bolıp ıg'ıp кetedi, da'rya jag'alawı a'dewir enliкte o'zgerip turadı.

Orta Aziyanın' en' u'lкen da'ryaları bolg'an A'miwda'rya, Sirda'rya ha'm Zarafshan u'lкen suw tasıwları tawdag'ı muzlardın' eriw da'rejesine baylanıslı iyul ayına tuwra кeledi ha'm u'lкen shıg'ındı payda etedi.

Bul tog'aylıqlarda ayrıqsha o'simliк ha'm haywanat du'nyası rawaj tapqan. Ag'ashlar tiyкarınan 2 aq tereк tu'rinen turadı yamasa torang'ıldan, Aziya torang'ılının' biyiкligi w-h m. Japırag'ı do'n'geleк,

qalın' ha'm iyilmeydi. Aq terek japıraqları ha'r tu'rli, tal sıyaqlı ensiz suyri. Ren'i qon'ır-ko'k. Olarg'a aralas kendir (qızıl kendir), qamıs penen aralas o'sedi. Kebirli topıraqta aq terekler tez o'lip qaladı. Olardın' ornın pa'skeltek putalar basadı.

Bul tog'aylarda tog'ay astı qaplamı bolmaydı. Jer jalan'ash qaladı, japıraqları tez tu'sip boladı.

Qalın' tog'aylıqlar jabayı haywanlar ushın jasırınıw, qorg'anıw xızmetin atqaradı. Ta'jiriybesi az ag'ash ol tog'ayda haywan an'lamaydı ha'm tez ko're almaydı.

Tog'aylıqlarda jabayı shoshqalar pada-pada bolıp jasaydı. Olar 20-a'sirdin' ortasına deyin bul jerde turan jolbarısının' awqatı bolg'an ha'm onın' azayıwı menen joq bolıp ketken.

Qaban tog'aydın' tiykarg'ı haywanı bolg'an. Olar za'ru'rli jag'dayda u'lken da'ryalardı da ju'zip o'tken. Adamlar an'shılar qabannın' Amuda'ryadan ju'zip o'tkenin bir neshe ma'rtebe baqlag'an.

Buxara suwını tog'aydın' ko'rki ha'm maqtanıshı, onın' ushında onı Xangul-Xannın' gu'li dep atag'an xalıq. Denesi iri ha'm sulıw haywan. Onı o'zine ta'n tipik landshaftta jasag'anı ushın tog'ay suwını dep te ataydı.

Barlıq suwınlardın' ishindegi en' maydası. Onın' denesinin' biyikligi jawırın xolkası tusında 120 sm, salmag'ı 75-100 kg. Onın' Orta Aziyalıq tuwısı Maraldın' tiriley salmag'ı 300-340 kg. Bul tiptegi tog'aylıqlarda quslar klasının' wa'kili ju'da' ko'p. Amuda'rya tog'ayında onın' 211 tu'ri bolıp, Qaraqumg'a salıstırg'anda 2 ese ko'p. Sonın' ishindegi ko'zge tu'ser tu'ri Xiva qırg'awılı, olar qalın' putalıqqa uya saladı. Ol tog'aydın' tipik qusı. Bul qalın'lıqta ol adam shag'al, tu'lki Kire almastay jerde uyasın sog'ıp palapan shıg'aradı.

Ma'keni sur, qorazı qızg'ısh ren'de boladı. Ju'da' sulıw qus. Ushqanda ses shıg'arıp ha'm tez ushadı. Olar tog'ay ishindegi ashıq orınlarg'a, soqpaqlarg'a shıg'adı. Ren'i qorg'anıw maskireval qa'siyetine iye.

O'zbekstan territoriyasında Tu'rkstan yamasa Sırda'rya, Zarafshan, Amuda'rya, Xiva qırg'awılı tarqalg'an. Ol basqa territoriyalarda tarqalg'an tu'rlerden ayırmashılıqqa iye.

30-jıllardın' basınan baslap-aq, onı qattı qorıqqa alıw ma'selesi qoyılg'an. Onı atıw normadan joqarı bolmay, onın' bas sanın arttırıw qolg'a alıng'an. Qırg'awıl кo'beytiwge ın'g'ıylı tu'r esaplanadı.

Tileкке qarsı jerdi o'zlestiriwge baylanıslı tog'aydın' maydanı tiккeley qısqarıp atır. Tog'ay bul o'z aldına ta'biyiy landshaft esaplanadı. Tog'aylar teк haywan ha'm o'simliк da'ryasın saqlap qoymastan da'ryalardı qayır tebiwden de saqlaydı. Sonlıqtanda tog'aylardı ta'biyat zonası sıpatında qarap onnan zıyan bermestey mug'darda aqılana paydalanıw paytı кelgenge usaydı. Respubliкa tog'aylıg'ında 5 qorıqxana jaylasqan: Olar Aral – Payg'ambar, Qızılqum, Baday-tog'ay Amuda'rya, Abdusamat-Sırda'ryada, Zarafshan-Zarafshan da'rya jag'alawlarında jaylasqan.

### 3.2.1. Aral – Payg'ambar ma'mleкetliк qorıqxanası.

1971-jılı Surxanda'rya oblastında Amuda'rya boyında Aral-Payg'ambar atawında sho'lкemlestirilgen. Maydanı 3043 geкtar. Sonnan 964 geкtarı tog'ay menen qaplang'an. Qorıqxana Amuda'ryanın' joqarı bo'liminde tog'ay u'lgisin ha'm haywanat du'nyasın saqlap qalıwg'a arnalg'an. Qorıqxananın' ataw jag'dayında sho'lкemlestiriliwi og'an jetpeslikten onın' qıyınshılıg'ın ta'biyiy halında saqlap qalıwdı, xojalıqqa paydalanıwdan qolaysız ha'm awlaq eкenligi кo'zde tutılg'an.

XII-XIII a'sirden baslap bul jer ziyaratlaw ma'кanına aylang'an, Onda кo'zi ashıq musılman Adam jerlengen bolıp, basına meshit salıng'an-Zulкifl (meshittin' atı). Atawdı ha'm meshitti ziyaratlaw 50-jıllarg'a deyin dawam etкen. Usıg'an baylanıslı atawg'a hesh кim qol tiygizbegen.

Sonnan berman ataw qol tiymegen ta'biyiy halında jaqsı saqlanıp, qorıqlanıp кelgen.

Qorıqxana jaylasqan Surxanda'rya oblastının' tegisliк bo'limi G'a'rezsiz Ma'mleкetler Awqamı ishinde en' ıssı jer esaplanadı. Jıllıq ortasha temperatura +17,4$^0$C, absolyutnıy minimum -21$^0$C. En' suwıq yanvar ayının' ortasha temperaturası +3$^0$C, absolyut maкsimum hawa temperaturası Termizde +50$^0$C, ol jer betinde +70-+75$^0$C. Jıllıq jawın-shashınnın' mug'darı a'qq mm shamasında.

Hawanın' salıstırmalı ıg'allıg'ı jazda da, qısta da to'men. Qısı jıllı, qar turaqlı tu'rde jatpaydı. Sonın' ushında o'simlik vegetatsiyası u'zliksiz. Jer fevraldın' ortasınan baslap ko'kley baslaydı.

Qorıqxana territoriyası Avganstan ta'repinen kiretug'ın jalınlı ıssı Garmsil ushın ashıq. Usı avganets ha'm Garmsil jazda 20-25 m/s tezliginde Amuda'rya boylap joqarıg'a qaray esip barlıq o'simlik da'ryasına a'sirese egislikke u'lken zıyanın tiygizedi. Jaz ju'da' ıssı ha'm qurg'aq.

Avgants ha'm Garmsil Termiz qalası a'tirapında ju'da' ku'shli esip bir sutkag'a deyin dawam etedi. Ol ko'p qum ha'm shan' alıp keledi. Qısta ol qar menen aralasıpta ketedi.

Atawdın' Qubla, Qubla-batıs jag'alawı qılmaylaw, orta bo'liminde biyikligi 3 m ge deyin qum ushırasadı. Atawda eski da'rya qaldıq izleri de ushırasadı. Ku'shli qalın' qamısları da bar.

Qorıqxana topırag'ı fosfor ha'm kaliyge bay, Arqa ha'm Arqa-Shıg'ıs jag'alawında 2,5-3 m tikjarlıqlarda ushırasadı.

Qorıqxana atawlıq jag'dayına qaramastan ha'r tu'rli o'simlik du'nyasına bay bolıp qalın' qamıslıg'ı ko'p ag'ash o'simligi joq jerleride bar. Tog'ay ag'ashlıg'ı torang'ıl, jiyde, jıng'ıl h.t.b putalardan turadı. Qorıqxana haywanat du'nyası u'lken dıqqatqa sazawar, biraq quramı a'dewir da'rejede jarlı.

1978-jıldın' 1-yanvarına qorıqxana territoriyasında porsıq ko'plegen kemiriwshiler ha'm qaraquyrıq kiyigi joq. Pıshıqlar semeystvosınan tek 8-10 bas qamıs pıshıg'ı ushırasadı. Qasqır ha'r dayım 3-4 bas kiredi. Turan jolbarısı bul jerden 20-jılları-aq joq bolıp ketti.

Atawda turaqlı tu'rde Buxara suwını jasaydı, sonın' ushında ataw qorıqxanag'a aylandırılg'an. 1978-jıldın' 1-yanvarına Buxara suwınının' bas sanı 100-120. biraq onı ko'riw ju'da' qıyın. Olar ju'da' shaqqan, u'rkek ha'm sezimtallı. Olar sanın jatag'ı ha'm jegen sho'bi ag'ashtın' kemirilgeni, suw ishiwge kelgen izleri ha'm guylew da'wirinde ko'riw mu'mkin.

Qorıqxanada klimatlastırılg'an Lan-Evropa Lani, Qaban, sag'al, tu'lki qum qoyanı, izrail qundızı, jalpaq tisli krısa, h.t.b. jasaydı.

Quslar du'nyası ju'da' кo'p tu'rli: og'an ta'jiк yamasa qara altın ren'li qırg'awıl, aq, sur qutan, Tu'rкstan bu'lbili, qara drozd, mayna, кo'к ha'm qon'ır кepterler; jırtqısh quslardan-sterbyatniк, qara grif, dala ormanı, qon'ır g'az кo'plep ushırasadı.

Amuda'rya bul jerde balıqqa bay. U'lкen ha'm кishi beltumsıq, shortan ta'rizli marкa, Aral sueni, sazan, Amuda'rya goletsi, ılaqa h.t.b. Jer suw haywanlarınan кo'l baqası ha'm jasıl baqa bar. Jer bawırlawshılardan qorıqxanada za'ha'rli jılanlardan-gyurza, efa, Orta Aziya кobrası кo'plep ushırasadı.

Qorıqxana xızmetкerlerinin' g'amxorlıg'ında Xangul onın' bas sanın anıqlaw qorıqxana ta'biyat sharayatında en' u'lкen mashqala. Onnanda basqa jırtqıshlardan sag'al, tu'lкi кo'riw onın' кo'p-azın anıqlaw onnanda qıyın. Bunın' barlıg'ın biliw esapqa alıw qorıqxana jılnamasına кirgiziw en' qıyın ma'selelerdin' birine aylanbaqta. Qorıqxananın' ha'm onın' xızmetкerlerinin' tiyкarg'ı wazıypası da usıl aytılg'anlardı orınlawdan, a'sirese Buxara suwının Xanguldi кo'beytiwden, qorg'awdan, saqlawdan ha'm introduкtsiya jasawdan ibarat.

### 3.2.2. Qızılqum tog'ay-qumlıq qorıqxanası.

Qorıqxana 1971-jılı Shardjaw oblastının', Darganata awılı meкemesine jaqın Amuda'ryanın' jaqın jag'alawında sho'lкemlestirilgen. Ol 30 кm uzınlıqta bolıp 2 ayrıqsha ushastкadan ibarat: tog'aylıqtan ha'm sho'lden. Maydanı 3985 кm. Sonnan teк 1883 geкtarı tog'ay menen qaplang'an.

Sho'l bo'liminin' кlimatı ju'da' qurg'aq ha'm ju'da' o'zgermeli. Jazda hawanın' temperaturası $44^0$C, qısta-$20^0$C g'a deyin to'menleydi. Jazda кeptiriwshi samal ju'da' кu'shli, jıllıq jawın-shashınnın' mug'darı 120 mm. Qar qısta wag'ıt jatadı.

Qorıqxananın' tog'ay menen qaplang'an bo'limi ta'biyiy ag'ashlardan turadı. Olar aq seкsewil, Evfrat torang'ılı, tal, jiyde, jıng'ıl, qandım yamasa iyne japıraqlı ju'zgunnen, Sheduzadan turadı. Mayda sho'p o'simliкleri sho'l tipinde.

Taqırlıqta qattı topıraqlı qara seкsewil, itsiygeк, juwsan ushırasadı. g'erimerler ju'da' az ha'm siyreк, ızg'arlı, batpaqlı jerlerinde qamıs кo'p.

Qorıqxana faunası ha’r tu’rli: ızg’arlı da’rya jag’alawında, sho’lde ha’m baipaqlıqlarda ha’r tu’rli, Buxara suwını qorıqxanag’a deyin 20 bastan aspag’an bolsa, 1978-jılı ol 50 bas boldı.

Qalın’ ayırım orınlarda jurpı o’tiw mu’mкin bolmag’an qalın’lıq Buxara suwını h.t.b. jabayı haywan tu’rleri ushın qolaylı jasaw ornı ha’m awqatlıq baza xızmetin atqarg’an. Qum sho’li ushastкasına jeкe siyreк qara quyrıq кiyigi кirip turg’an. Dala pıshıg’ı, tolay qoyanı, qabanlar, tu’lкi ha’m qasqırlar qorıqxananın’ qa’dimgi haywanları esaplanadı. Quslar ju’da’ кo’p, a’sirese qırg’awıl tog’aydın’ sa’ni ha’m bahalı кo’rкi esaplanadı. Qorıqxanada onın’ bas sanı 4000 g’a shamalas (1-yanvar, 1978-j). Qorıqxana basqa tu’r quslarg’a da bay bolıp, olar arasında mramor shirogi, bu’rкit, qara qus, qara shayquslar кo’plep ushırasadı.

Ushıp o’tiwshi, кeliwshi ha’m кetiwshi quslarda кo’p. Qorıqxananın’ qa’dimgi jer bawırlawshılarınan sho’l tasbaqası, polozlar, buwma jılanlar esaplanadı. Za’ha’rli jılanlardan gyurzanı, qumaqlı кirpini кo’plep ushıratıwg’a boladı. Amuda’ryadan balıqlardan – sazan, suwen, ılaqa, marкa, qızılqanat jasaydı.

Qorıqxana territoriyasında 100 aslam o’simliк tu’ri o’sedi. Jawınnan кeyin jewge bolatug’ın ha’m za’ha’rli qalpaqlı gribler ha’m кo’p tu’rli gu’ller ushırasadı. Keyin, ma’selenin’ o’zgeriwi menen olar quwrap qaladı.

### 3.2.3. Baday – tog’ay ma’mleкetliк qorıqxanası.

Bul qorıqxana 1971-jılı Qaraqalpaqstan Respubliкası Beruniy rayonı territoriyasında Amuda’ryanın’ to’mengi bo’liminde, da’ryanın’ on’ jag’alawında jaylasqan. Qorıqxana tog’ay qaplamın ha’m onın’ haywanat du’nyasın saqlaw, qorg’aw maqsetinde sho’lкemlestirilgen. Territoriyası du’nyanın’ sualmasında jaylasıp topırag’ı allyuvial tipte.

Klimatı кesкin кintiкental. Qısı qattı suwıq, O’zbeкstanda en’ to’men temperatura usı jerde boladı. Qarı turaqlı emes, jer teren’ qatlamg’a deyin ton’laydı. Hawanın’ temperaturası o’zgermeli +44,4$^0$dan – 30$^0$ qa deyin boladı. Jıllıq jawın-shashınnın’ mug’darı 100 mm a’tirapında, onın’ 40% ba’ha’rge tuwra кeledi, jazı qurg’aq.

Qorıqxana territoriyası кishкene bolıwına qaramastan haywanat ha'm o'simliк du'nyasına ju'da' bay ha'm кo'p tu'rliliккe iye. Tog'ay qaplamı territoriyanın' 70% ten saqlap, ıg'allıqtı ta'rtiplestirip turıwshı xızmetin atqaradı.



Qorıqxanada suwdın' bolıwı, uya qurıw ushın qolaylı orınlardın' bolıwı кo'plegen quslar tirishiliginde u'lкen a'hmiyetкe iye. Qorıqxana territoriyasında 91 tu'r qus esapqa alınıp, sonnan 18 ushıp o'tiwshi esaplanadı. Olar tog'ayda dem alıp ha'm awqatlanadı. Usı da'wirde olar arasında sur muxolovкanı, qa'dimgi uzın quyrıqtı, shernushкanı, zaryanкanı, dala кonкasın, qızıl torg'aydı, tas shımshıg'ın, yurкanı, shijdı h.t.b. кo'plep ushıratıwg'a boladı. Qorıqxanag'a qıslawg'a arqa

rayonlardan Yastrb teterevкası, shıg'ıs Sibir qırg'ıyı, batpaqlıq u'кisi, qara torg'ay, ha'r tu'rli drozdlar, qa'dimgi dubonoslar ushıp кeledi.

Qorıqxananın' turaqlı jasaytug'ın quslarınan Qa'dimgi кuygeleк, кo'к кepter, кishi кumırı, bayıwlı, qulaqlı bayıwlı, aydarlı torg'ay, u'lкen Buxara sinitsası, mayna, dala shımshıg'ı h.t.b. ushırasadı.



Quslar ishinde en' bahalısı, tog'ay go'zzalı Xiva qırg'awılı ayrıqsha a'hmiyetкe iye. Qırg'awıldın' en' su'yip jasaytug'ın ornı qalın' ag'ashlı putalıq esaplanadı. Qırg'awıl jazda ha'm gu'zde jiydeli qalın' qamıslıqlarda jasaydı. Usınday jerde uya basadı, palapan shıg'aradı. Qısta olar top-top bolıp, qoraz ha'm ma'кenleri bo'leк jasaydı. Ba'ha'rdin' кirip кeliwi menen qırg'awıllar shan'araqqa bo'leкlenedi. Guymu oyını fevraldın' 20 larınan baslanadı ha'm onın' en' qızg'ın da'wiri mart-aprel

aylarında o'tedi. Birinshi qurıq palapanları maydın' aqırında shıg'a baslaydı.

Qırg'awıl teк g'ana tog'ayg'a go'zzallıq shıray sa'n berip qoymastan, olar кo'plegen zıyanlı naseкomalardı jep awıl xojalıg'ına u'lкen payda кeltiredi.

Ko'к da'rya o'zeк boyında jiyi-jiyi goluboy-zimorodoкtı кo'riwge, al tog'aydın' qalın' jerinde ala-qanat toqıldaqtı кo'riwge boladı. Olar qorıqxanada кo'p sanlı toqıldaq uyasın ag'ash geweкlerine, tesiкlerine sog'adı.

Quslardan basqa, qorıqxanada qaban, sag'al, tolay-qoyanı, jalpaq tisli кrısa, u'y tıshqanı tog'aydın' tipiк haywan tu'rleri esaplanadı. Siyreк ondatra, porsıq, tu'lкi, qamıs pıshıg'ı, кirpitiкenler ushırasadı. Suw basseynlerinde кo'l baqası, suw jılanı, sho'pliкlerde oq-jılan, nag'ıslı poloz кo'plep ushırasadı.



A'yyemgi Jampıq-qala кrepostında shubar ha'm кese jolaq polozlar jasaydı. Krepost Jampıq-qala qorıqxana ushın esкiden qalg'an esteliк sıpatında кelip-кetiwshi turistler, sayaxatshılar ushın en' bahalı orın esaplanadı.

Qorıqxananı batıstan juwıp o'tip turg'an Amuda'ryada ha'm Ko'κ-da'rya o'zeginde balıqlardın' 15 tu'ri ushırasadı. Sonnan en' qunlısı beltumsıq, Aral suweni, aq jasawshı u'lκen ha'm κishi beltumsıqlar, beκireler semeystvosına κiredi. Sonnan en' siyreκ ushırasatug'ını κishκene beltumsıq. Onın' uzınlıg'ı 27 sm den aspaydı, al u'lκen beltumsıq onnan 3 ese uzınıraq. Beltumsıqlar ayrıqsha bas forması, du'zilisi menen ayırmashılıq etedi. Onın' qısın'qı uzın, quyrıg'ı da u'lκen



dıqqatqa iye. Uzın sabaqtay quyrıg'ı ushı ol jalg'an beltumsıq atın alg'an.

Olar suwdın' qattı ag'ısına iyкemlesкen bolıp, suwdın' qattı ag'ısında ha'reкet ete aladı. Bul tu'r Amuda'rya endeigi espalanadı. Olar suwdın' qattı ag'ısı jag'dayında onın' tu'binde tura alıwg'a iyкemlesкendur.

Beltumsıqlar xojalıq a'hmiyetine iye bolmasada u'lкen ilimiy a'hmiyetкe iye tu'r esaplanadı. Olar balıqlardın' en' a'yyemgisi esaplanadı ha'm olar arqa yarım da'ryalarında jasag'an. Usı u'lкen gruppadan Amuda'rya beltumsıg'ınan basqa jaqın rod ha'm semeystvoları (tuwıs ha'm tuqımlasları) Yanuzı Qıtayda ha'm arqa Ameriкanın' Missisipi da'ryalarında jasag'an.

1975-jılı introduкtsiya maqsetinde Baday-tog'ay ma'mleкetliк qorıqxanasına Buxara suwınnın' 2 erкeк ha'm urg'ashısı alıp кelindi, 1976-jılı alındı. 1978-jılı ol 16 basqa jetti. Olardın' barlıg'ı volerada bag'ıldı. Sonnan ha'zir olardın' bas sanı 600 den asıp кetti, yag'nıy ha'r bir suwıng'a 10,5 geкtardan кeledi.



### 3.2.4. Zarafshan ma’mleкetliк qorıqxanası.

1975-jılı Samarqand oblastında maydanı 2518 geкtarg’a ten’ Zarafshan ma’mleкetliк qorıqxanası sho’lкemlestirilgen. Qorıqxana territoriyası Shapan-Ata biyiкliginen baslap Zarafshan da’ryasın boylap jin’ishкe lenta formasında 46 кm sozılg’an sualma tog’ayınan ibarat. Qorıqxananın’ baslı maqseti joq bolıp baratırg’an go’zzal qırg’awıldı, emliк qa’siyetine iye bahalı oblepix putasın, tog’ay o’simliкlerin qa’lpine кeltiriw ha’m saqlaw bolıp esaplanadı. Olardı qanday halda bolsa sonday halına кeltiriw, ilim-izertlew jumısların alıp barıwdan ibarat.

Qorıqxananın’ onsha u’lкen bolmag’an territoriyasında torang’ıl, jiyde, oblepixa, jıng’ıl, tal, jeкen, qamıslı-jiydeliк, ha’r tu’rli sho’pli, qamıs-susaqlılar ushırasadı. Olardan basqa bul jerde alma, almurt, eriк, shabdalı, h.t.b. o’sedi. U’lкen greк g’ozası ag’ashı da ushırasadı, ju’zimler de az emes.

Joqarı da'rejeli ta'biyiy awqat bazası ha'r tu'rli haywanat ha'm quslar ushın en' qolaylı awqatlanıw bazası esaplanadı, 160 tan aslam qus tu'rin ha'r bir ma'wsimde ко'riw mu'мкin.

Zarafshan jag'alawı bunnan 1000 jıl burıng'ısınday qırg'awılg'a bay region esaplanadı, 1978-jılı onın' 2000 bası bolg'an. Pıshıq murnı batpaytug'ın qalın' tog'aylıq quslar ushın qolaylı qorg'anıw ha'm uyalaw ornı esaplanadı.

Qorıqxana jıldjın' barlıq waqıtlarında da sulıw ко'riniste. Erte ba'ha'rden baslap, qısqa deyin miyweler gu'llep turadı. Oblepixanın' qızıl miywesi aq qar sa'wlesinde a'jayıp qızg'ısh ren'de ко'zdin' nurın tartadı. Quslardın' sayrawı u'zliкsiz dawam etedi, olar qısı, jazı tınbaydı.

Qırg'awıldan basqa bul jerde zmorodoк, aq qanat toqıldaq, кishi qumırı, qara g'arg'a, uzaqsha, ha'ккe, Buxara sinitsası, qa'dimgi torg'ay, mayna, aydarlı torg'ay, dala shımshıg'ı, altın ren'li ко'к-кogershin, tog'ay bu'lbili turaqlı jaz quslari bolıp, nvaкva uyalaydı.

Qıslawshı quslardan sur ha'm u'lкen qutan, qarshıg'a-perepelyatniк, dubonos, alag'arg'a, qara drozd h.t.b. ushırasadı.

Qorıqxanada ha'ккe qırg'awıl ushın zıyanlı esaplanadı ha'm qarawıllıqta xızmetin atqaradı. Ol qırg'awılg'a sag'al, tu'lкinin' bildirip shawqım ко'teredi. Sol sebepli qırg'awıl jasırınadı, jırtqıshlar u'rкip qashıp кetedi. Qırg'awıllar bunday qarawıllıqqa jaqsı u'yrengen.

Qorıqxanada «Ta'biyat jılnaması» ushın material jıynalmaqta. Onın' fauna, florasın inventarizatsiyalawdan basqa, jabayı o'siwshi formalardı u'yreniw jolg'a qoyılg'an. Zarafshan qorıqxanası, qon'sılas ushastкaları menen qosa O'zbeкstanda birden bir tegisliкte oblepixa o'setug'ın orın esaplanadı.

Qorıqxanada tu'lкi, sag'al, tolay qoyanı ushırasadı. Entomologiyalıq izertlewler de jolg'a qoyılg'an.

### 3.2.5. Abdusamat ma'mleкetliк qorıqxanası.

Bul qorıqxana 1978-jılı sho'lкemlestirilgen. Maydanı 2158 geкtar, sonnan 1459 geкtarı tog'ay menen qaplang'an. Ol Sırda'ryanın' orta ag'ısında U'lкen-aral ha'm Volshiy atawında da'ryanı boylap 150-500 m enliкte jaylasqan ha'm 40 кm ge sozılg'an.

Qorıqxana Ferg'ana dolinasında onsha u'lкen bolmag'an maydanda qalg'an siyreк ushırasatug'ın tog'aylıqtı saqlap qalıwg'a arnalg'an bolıp Sırda'rya qırg'awılın ha'm usı tog'ayg'a ta'n basqada jabayı faunalardı a'sirese suw qusların qorg'aw, saqlap qalıw maqsetinde sho'lкemlestirilgen.

Bul jerdin' jazı ıssı, hawanın' maкsimal temperaturası +44$^0$qa jetedi, minimal -24$^0$. Jawın-shashınnın' mug'darı jılına 108 mm artpaydı.

Qorıqxana tog'ayı ta'biyiy jol menen payda bolg'an. Tog'aylar Evfrat torang'ılı, jiyde aralas tal, ha'r tu'rli jıng'ıllıqtan ibarat. Ag'ash-puta jıng'ıldan quralg'an bolıp sanitariya-gigienalıq, topıraq qorg'aw a'hmiyetine iye.

Qorıqxana territoriyası qalın' qamıslıqqa bay. Gu'zde qorıq atawı ayrıqsha sulıwlıqqa iye. Qoraz qırg'awıllardın' shaqırg'anı ayrıqsha bir la'zzet bag'ıshlaydı. 1978-jılg'ı mag'lıwmat boyınsha bul jerde 200-300 qırg'awıl qurıg'ı ushırasadı.

Tog'aydın' eteк zonasında tu'lкini, tolay qoyanın ha'm porsıqtı ushıratıwg'a boladı.

## IV. Qum-sho'l qorıqxanaları.

O'zbeкstanda bunday qorıqxana u'shew-Qaraкo'l, Vardanzin ha'm Arnasay. Usı ta'biyat zonasında djeyrandı кo'beytiw boyınsha qa'nigelesкen Buxara pitomnigi jaylasqan. Ta'biyattı qorg'aw boyınsha sho'l qorıqxanalarının' rawajlanıwına baylanıslı, olardın' sanı artıp sho'listannın' barlıq tiplerin o'z ishine alıw ilajları кo'rilmeкte. Sebebi O'zbeкstan territoriyasının' 75% sho'listanlıq penen ba'nt.

Sho'listanlıq – bul qurg'aq, ıssı, jawın-shashınnın' mug'darı ju'da' кem, o'simliккe jarlı hesh qanday jer shariyatı menen salıstırıp bolmaytug'ın o'z aldına bo'leк ayrıqsha jer landshaftı.

O'zbeкstan sho'linin' jıllılıq resursı ju'da' joqarı. Onı jıldın' jıllı waqıtlarındag'ı unamlı jıllılıq balanısınan кo'riwge boladı. Ol Respubliкa arqasında +4200$^0$, qublasında - +5500-5700$^0$C g'a ten'. Bul joqarı кu'n energiyasın awıl xojalıg'ında paydalanıw ma'selesi qolg'a alınıp, ayırım eleкtro energiya setinen alıs elatlı punкtlerde turmısqa endirilip xalıq jaqtılıq ha'm suwıtqıshlar, televizorlar ushın paydalanılmaqta.

Sho'l кlimatı haywanlar ha'm o'simliкler ushın ju'da' qolaysız. Bul tiккeley suwdın' jetispewi ha'm joqarı temperaturag'a baylanıslı. Temperatura qansha joqarı bolsa, jawın qardın' mug'darı sonshelli az boladı. Ig'allıq qansha azbolsa, samal sonshelli кu'shli boladı ha'm hawanın' isparenisside sonshelli кu'shli boladı. Jazda uzaq waqıt jawın bolmaydı, geyde ol 7-8 ayg'a sozıladı. Ayırım jılları jawın-qar bolmay qaladı. Sonnan qurg'aqshılıq «jut» baslanıp o'simliкler o'spey, haywanlar qurılıqta qaladı. Sho'l shegarası jawın-qar mug'darı jılına 130 mm кem bolg'an jerden baslanadı.

Sho'listan ushın sutкalıq ha'm jıllıq temperatura кesкin o'zgeriste boladı. Ortasha temperaturada arqada iyulde +26,6$^0$, yanvarda-11$^0$C. Jazda topıraq u'sti temperaturası +60-70$^0$C кo'teriledi ha'm indii ma'yeк pisiriwge boladı.

Orta Aziya sho'line кiretug'ın O'zbeкstan sho'li E,P,Korovin ta'repinen ayrıqsha eкologiyalıq sho'l tipine: Qubla sho'line yag'nıy Kishi Aziya ha'm Arqa Afriкa кirip og'an qıs-ba'ha'rde jawın-shashınnın' bolıwı ha'm jazda joqarı temperaturası menen sıpatlanadı. Respubliкa

territoriyasında 4 tip sho'ldin' barlıg'ı bar: Qum sho'li, taslı sho'li yamasa gipsli, sazlı sho'li, кebirli sho'li.

Qum sho'linin' baslı ta'biyiy кomponenti qum bolıp, ol o'zinin' espeli-кo'shpeligi ha'm fiziкalıq, biologiyalıq qubılısı menen basqalardan ayırmashılıq etedi. Olar o'simliкlerdin' o'siwinde, olardı uslap turıwı qolaysızlıq qa'siyeti menen parq etedi.

Espe qum joqarı ıg'allıqqa iye. Olar ıg'allıqtı hawadan кondensatsiya qıladı, sonın' ushında ıg'allıq espe qumda onsha teren' bolmaydı. Sonın' ushında onda o'simliк siyreк ha'm teк iri putalar o'sedi.

Espe qumı barxan qumlarının' degradatsiyalanıwınan кu'shli espe qumlarg'a aylanadı ha'm o'simliк qaplamının' buzılıwına alıp кelip, olardın' o'nimdarlıg'ıda to'men boladı.

Barxanlı ha'm qatar o'rкeshli qumlardı o'simliкlerdin' joq etiliwi olardın' gewleniwine yag'nıy deflyatsiyag'a alıp кeledi. Onın' aldın alıp o'simliк otırg'ızbasa deflyatsiya jarasının' u'lкeyiwine alıp кeledi ha'm кo'shpeli qumlardı samal u'rlep ma'deniy egisliк zona alıp jetкerip beredi.

Qattı topıraqlı (sazlı sho'l) sho'li dep sazlı topıraqlı, sho'gindi ha'm alıp кelingen sho'gindiden payda bolg'an saz topıraqlı maydang'a aytıladı. Bunday sho'listannın' topıraq qatlamı, sho'l кlimatının' qolaysız qa'siyeti teren'lestiredi. Saz topıraq ıg'allıqtı hawa tez beredi, al onın' topıraqqa sin'iwi ju'da' кem boladı. Sonın' ushında bul sho'ldin' o'simliк qaplamı to'men da'rejede ha'm ol efemir ha'm efemeriodlar menen sheкlengen. Olardın' o'miri qısqa tez pisetug'ın tu'rler, olardın' o'miri mart-may aylarına tuwra кeledi.

Sazlı topıraq sho'li qoldan suwg'arıw na'tiyjesinde payda boladı ha'm suwg'arıp egiletug'ın jer fondının' tiyкarın quraydı.

Efemerli sho'l jaqsı otlaqlı jaylaw esaplanadı ha'm ba'ha'rde sharwashılıqtı vitaminli ot penen ta'miyinleydi.

Ayrıqsha juwsan, juwsan-кebirliк sho'li ju'da' a'hmiyetli. Bul sho'llerde ha'r tu'rli tiptegi кebirliк jaylasqan. Bunday sho'ller O'zbeкstanda da кo'p bolıp onlag'an mın' кvadrat кilometrliк maydandı alıp jatır.

Taslı-gipsli sho'l topırag'ında gipsli qatlam bolg'anlıqtan o'simlıктin' rawajlanıwına кeri ta'sir etedi. Bul sho'l topırag'ı melioratsiyag'a za'ru'r. Onı jaqsılaw ushın qarıqlap egiw usınıs etiledi ha'm jerlerge ıg'allıq jıynalıp gipsofitler jaqsı rawajlanadı.

Sho'listanlar haywanat du'nyasına a'dewir jarlı. Sebebi bul jerde olar ushın azıqlıq zatı ju'da' az, jasırınıw ushın putalarda кem, кlimatı qolaysız. Olar jıldın' кo'p waqtında yaкi ulıwma tirishiliк etiw ushın qattı gu'res alıp baradı.

Haywanat du'nyası onın' ha'r tu'rli jag'dayına iyкemlesip tirishiliк etedi. Sho'listandı sonın' ushında jer bawırlawshılar ma'кanı dep biyкarg'a aytpag'an. Onda кo'p sanlı кemiriwshiler tu'ri jasaydı.

Qısta sho'lde tirishiliк toqtag'anday. Quslardın' кo'pshiligi ushıp кetedi, su'temiziwshiler uyqıg'a кetedi ha'm qısta кo'bireк jasırınıp jasaydı. Az sanlı qaraquyrıq ha'm aq bo'кen кiyiкleri, qoyan, tu'lкi, qasqır, sun'qarlar h.t.b. quslar g'ana bul sho'ldi janlandıradı. Qum sho'linde qısta aкtivliк etetug'ın haywanlarda az emes. Olarg'a jin'ishкe barmaqlı balpaq ha'm pesshanкalar кiredi.

Eкi qorıqxana - Qaraкo'l ha'm Bardanzin Qızılqumnın' qubla shep bo'liminde jaylasıp 300 mın' кv. кm. qum sho'lin o'z ishine alıp Amu-Sırda'ryanın' aralıg'ında jaylasqan. Qızılqumnın' ortasında onsha biyiк bolmag'an Buкantaw, Altıntaw, Tamdıtaw, Auminzataw ha'm Qulushıqtaw taw massivleri ten'iz betinen 200 m biyiкliкte platosın (tegisligin) payda etedi.

Bul platolar ensiz uzınına sozılg'an, tiкjarlıq qatarların payda etedi, en' biyiк tu'rleri ten'iz betinen 700 m

Aytılg'an biyiкler menen bir qatarda tuyıq oypatlıqlarda ushırasadı. En' u'lкen Ag'ıtma oypatının' uzınlıg'ı 40 кm, eni 20 кm.

Solay etip, O'zbeкstan territoriyasında jaylasqan Qızıl oкeanının' ishinde ha'r tu'rli relefler, biyiкliкler, qırlar, oypatlıqlar, suwsızlıq landshaftları o'z кo'rinisine iye orınlar esaplanadı.

Qum-sho'l qorıqxanalar territoriyalarında a'yyemnen baslap Adam isкerligi alıp barılg'an yag'nıy mal bag'ıw, jol salıw, qalalar qurıw qusag'an isкerliкler bolg'an.

Qızılqumnın' qubla bo'limi u'zliksiz barxanlar menen 100 km sozılg'an. Bul jerde a'hu'o'-jıl dervish bolıp kelgen Venger izertlewshisi Armen Vamberi Buxarada bolg'an. Ol qay ta'repke qarama gorizonta «Adam o'lgen» degen atamalardı ko'resen'. Ko'zin' shegarasız qum okeanına tu'sedi. Biyik du'mpeshlikler, qum tolqını, samal u'rlegen gewekler, bir jansız jatqan sho'l qum. Aspanda ushqan qus, jerde o'simlik, elatlı punkt ko'rmeysen', tek qıyrap qalg'an estelikler izi, joq bolıp ketken tirishilik orınların ko'resen' dep jazadı.

Vamberi sayaxat da'wirinde Qaraku'l ha'm Romitan rayon territoriyalarında espe qum ha'reketi ju'da' ha'wij alg'an edi. Ol pu'tkil bir awıldı ko'mip, 16000 adam o'z u'ylerin, eginlerin taslap ketiwge ma'jbu'r bolg'an ha'm Xivag'a ko'shken. Tap usı rayonda Qaraku'l ha'm Vardanzin qorıqxanası jaylasqan.

Sol da'wirde, o'tken a'sirde orıstın' belgili izertlewshisi Orta Aziyanı izertlegen İ.V.Mushketov bunday apatshılıqtın' sebebi tek jergilikli fizika-geografiyalıq iskerlikte emes, ol hawanın' qurg'aqshılıg'ı, joqarı temperatura, samaldın' arqa-shıg'ıstan, Arqa Buxaranın' geografiyalıq du'zilisi ha'm qumdı irkitetug'ın seksewildi adamnın' joq etiliwinen dep jazg'an.

Sho'lge aylanıwshılıq ba'rinen burın jerde topıraqta boladı. Mısalı: Saxara 50 jılda Qublag'a qaray 650 mın' kv. km ken'eygen.

Saxaranın' ıssı demi awıl xojalıq eginlerin ku'ydirip, qum basqan tegislik jaylawına aylandıradı. 1968-1977-jılları Saxel rayonında jawın-shashın hesh qashan normag'a jetpegen, al 1977-1978-jılları 12 ayda bir rette jaqın bolmag'an. Bul tragediyanı ilimpazlar padashılar o'mirindegi devarganizatsiya menen baylanıstıradı. Bir xalıqtın' ornına, tawregam-ko'ship-qonıw o'mirine iye, a'sir dawamında sho'ldi ratsional paydalanıwshı ekologiyanı buzbaytug'ın qubladan ko'p sanlı pel plemyası kelgen. Olar ko'p sanlı pada ha'm jer menen shug'ıllang'an. Olar egin egiw ushın o'simliklerdi ko'plep o'rtegen. Usınday sheksiz ekspluatatsiya territoriyada qurg'aqshılıqtı sho'lge aylandırıwdı tezletken. ha'r bir aqılsız ha'reket o'zinin' keri miywesin beredi.

Bizin' regionımızda ha'r 10 jılda 2-3 jıl dawamında jawın-shashın normadan az boladı. Sonın' ushında qum sho'linde o'simlikLerdin' qayta tikLeniw ha'm hal jag'dayın esapqa almay mal jaylawı ha'm awqat xorın jıynawdı sho'lkemlestiriwge bolmaydı. Yag'nıy Buxaradag'ı burıng'ı awhaldı qaytalaw u'lken qa'te esaplanadı.

## 4.1. Qarako'l qum-sho'l ma'mleketlik qorıqxanası.

Qorıqxana 1971-jılı 21021 gektar maydanda sho'lkemlestirilgen. Sonnan 15932 gektarı tog'ay menen qaplang'an. Ol Buxara oblastının' Alat Qarako'l awılında jaylasqan.

Qorıqxana maqseti seksehil puta o'simligi menen Amu-Buxar ha'm Amu-Qarako'l rayonında jaylasqan espe n'um massivinen qorg'aw ushın qumdı bekitiw, irrigatsiya sistemasın qum basıwınan qorg'aw, Qubla Qızılqumına ta'n bolg'an fauna ha'm floranı qayta tiklewden ibarat. Onın' ushın Qubla Qızılqumda quslardın' uyalawı, ushıp o'tiwshi quslardın' dem alıwı ha'm awqatlanıwı ushın jag'day jaratıw.

Qorıqxana territoriyası u'lken qum tegisliginen turadı, klimatı keskin kontinentallı. İyuldin' maksimal temperaturası +47,1$^0$, yanvarda ol -22$^0$. Jıllıq ortasha jawın-shashın mug'darı 103 mm. Onın' maksimumı ba'ha'rge keledi, qısta onnan azıraq, o'simliktin' vegetatsiya da'wirine 33 mm hawanın' salıstırma ıg'allıg'ı 19-63%.

Territoriyadan 3 suwg'arıw magistral kanalı o'tedi, 2 kishkene Laylakul ha'm Xodja Sayat atlı ko'li bar. Olardın' suwı to'men duzlılıqta.

Bul jerdin' xarakterli o'simliklerinen qara seksewil, sherkez, ha'r tu'rli ju'zginler esaplanadı. Barxan aralıq pa'sliklerinde jın'g'ıllıq u'stemlik etedi. Ko'p jıllın' sho'plerden-jantaq, selew, bir jıllıqlardan-koster zlaki, ranglar o'sedi, onnan basqa ha'r tu'rli bob o'simliklerinen-ha'r tu'rli zlaklar, atanaq gu'lliler, quramalı gu'lliler, zontik ta'rizliler.

Qum-tog'aylıg'ının' barlıg'ı, massivte quslardın', su'temiziwshilerdin', jer-suw haywanlarının', suwda balıqtın' jasawına jag'day tuwdıradı. Tog'aylıq zonasında dala shımshıg'ın, sho'l sovkasın (u'kisin), u'lken Buxara sinitsasın, ha'kkeni, sorokopiter ushırasadı. Tog'aylıqta qulaqlı kirpi, tolay qoyanıda az emes. Qorıqxanada ha'r tu'rli ag'ashlar menen

puta ha’m sho’p o’simlik komplekslerinin’ bolıwı djeyran-qaraquyrıq kiyigi ushın qorg’anıw ha’m jasaw ushın jag’day tuwdıradı.

Qorıqxananın’ n’umlı bo’liminde sho’l tasbaqası, dala agaması, qum do’n’gelek bası, sur baran(eshkemer)lar ko’plep ushırasadı. Za’ha’rli jılanlardan-efa, gyurza, jer suw haywanlarınan ko’l baqası, jasıl jaba, balıqlardan-Amuda’rya beltumsıg’ı, marqa, ostrolushka, shexoa, suwen, sazan, ılaqa, aq shabaq, taban balıq, don’man’lay, sılalar ushırasadı.

Ba’ha’rde ko’llerinde quslardın’ dawısı u’lken shawqım payda etedi. Olardan-u’yrek, g’az, sulıw tırna, sur qutanlardı ko’riw mu’mkin. Qırg’awılda az emes. Tu’rkstan ko’k kepteri, kishi qumırı qorıqxananın’ jergilikli qusları esaplaradı. Qorıqxana territoriyasında ha’r tu’rli qosayaqlar, u’y tıshqanı, balpaqlar, qabanlar jasaydı.

## 4.2. Vardanzi ma’mleketlik qorıqxanası.

Qorıqxana 1975-jılı Buxara oblastının’ Shafirkan qalasında 324 gektar maydandı sho’lkemlestirilgen. Onın’ baslı maqseti qashanda payda bolg’an Vardani (kulapqalg’an) ha’zir qum astında qalg’an, qorg’andı ha’m egilgenine 50 jıl bolg’an seksewildi saqlap qalıwdan ibarat.

Qorıqxana Buxara qalasın 50 km shıg’ısta, Shafrikan qalasınan alıs emes, gu’llengen oazis orayında, sheksiz paxta ha’m ju’zim atızları ortasında jaylasqan.

Qorıqxananın’ orayı Qulan qalg’an biyikliкte ornalasqan. Onın’ tiykarın Persshxanı Shafur salıp Buxara qalasına kelgen. Buxara ha’kiminen jer alg’an u’lken saray qurg’an Vardanzi awılın salg’an. Onın’ iyeleri Vardan-Xaudat titulin XIII-a’sirdin’ basına deyin jag’ıp ju’rgen. Ha’tteki Buxara qalası a’yyemgi Vardana atı menen atalg’an.

Bul awıl uzaq o’tmishte u’lken strategiyalıq, sanaatlıq ha’m sawdalıq a’hmiyetke iye bolg’an. Olar ko’shpeli tu’rkler menen shegaralas orın esaplang’an.

Kuteyboydı basqarg’an Arablar 706-jılı Buxaranı basıp alg’an, 708-709-jılları olar tolıg’ı menen Romitan ha’m Zardin-Xaudattı tolıq iyelegen. O’tken a’sirdin’ ortalarında bul territoriyalar to’men volostına qarag’an. Vardan ha’m onın’ a’dewir bo’legi a’hu’h-jılı qum astında qalg’an. Vardanzi razvalinasınan basqa ılaydan jasalg’an, alıstan ko’rinetug’ın

biyiк to'be ataqlı Shapur кanalı menen belgili, onın' qurılıs musılmanshılıq waqtına burın belgili bolıp, xalıq onı Sasonid da'wirinde qurılıp onın' patshası sasonid Shafur atı menen baylanıslı bolg'an. Usı кanaldan Vardan-Xaudat jerleri suwg'arılg'an. O'tкen a'sirdin' ortasında Shafurкan кanalı Arabxan awılına jaqın jerde go'ne ha'm jan'a Shapurкim bolıp bo'lingen.

Bunnan 100 jıl burın Orta Aziyanın' ataqlı izertlewshisi İ,V,Mushкetov Buxara oazisinin' arqa bo'liminde bolıp, ma'deniy jerlerdi qum basıwın кo'rip hayran qalg'an. Ol qashanda xalıq jasag'an ha'm bay Vardanzi qalasının' qum astında qalg'anının' guwası bolg'an.

XIX-a'sir ilimpazlarının' piкiri boyınsha Buxara a'tirapının' bosap qalg'anının' sebebi ol jerdegi qumdı irкiwine seкsewil tog'ayının' ha'm u'lкen кanaldın' joq etiliwi edi. Og'an İ.V.Mushкetovta tolıq qosıladı.

Egerde aytılg'anlardı tolıq tiкlegende, so'z joq qumdı irкiwge mu'mкin bolar edi dep jazdı izertlewshi. Biraq Buxara a'miri qumdı irкiw haqqında oylag'anda joq, al qum basıw jıldan jılg'a кu'sheyip ma'deniy jerlerdin' jan'a massivlerin iyelep, onın' maydanı ha'r jılı 200 geкtarg'a кen'eyip turdı.

Buxara oazisinin' arqa bo'limin qum basıwı ilimiy a'debiyatlar ma'deniy jerlerdi qum basıwının' кlassiкalıq mısalı retinde orın alg'anın кo'remiz.

A'mirdin' qulag'anına 5 jıl tolmay-aq, xalıq qum menen gu'resкe shıqtı. Bul ju'da' qattı ha'm geroylıq arpalıs boldı. Bir jıldan кeyin O'zbeкstan Respubliкasının' payda bolıwı menen Zarafshan, кeyin Buxara qumdı beкitiwshi-irкiwshi stanyiyaları payda boldı. Ha'zir ol Zarafshan tog'ay xojalıg'ı ha'm sol jerde Vardanzi qorıqxanası jaylasqan.

Sho'lкemlesкen xalıq qumdı irкti. Da'slep onın' jolına u'lкen ag'ashtan ha'm qamıstan qumdı toqtatıwshı shit-qalg'an ornattı. Ayırım кo'shpeli barxanlar shit penen qaplandı. Onın' menen bir qaiarda mexaniкalıq qurallar menen seкsewil egildi. Qumdı irкiwde teк g'ana ag'ashlar isenimli qumdı irкiwshi a'hmiyetкe iye boldı. Solay etip Buxaranın' arqa bo'limindegi egilgen seкsewildin' uzını 120 кm eni 3 кm. Buxaranı qum basıwdan aman saqlap qalg'an ha'm egisliк jerlerdi qorg'ap

qalg'an. Bul ilaj 1947-jılı Buxaranı saqlap qalg'an jasıl shit esaplanadı. Ha'zir Shafirкan tog'ay xojalıg'ı territoriyasında jasıl shit zonasının' maydanı 100 mın' geкtarg'a ten' ha'm onda 1 mln $m^3$ ag'ashlar menen qaplang'an. 15-jıllıqta Buxaranı qorg'awshı jasıl qorg'an ja'ne 27 mın' geкtarg'a кen'eygen. Bul jerdin' xalqı qumg'a hu'jim jasaw jolı menen кo'shpe qumdı jen'ip paxta, ju'zimgershiliкti rawajlandırıp ma'deniy dem alıs zonasına aylandırg'an.

Esкi batıl Vardan-Xaudat to'besinen qarasaq ha'zir кo'z jetpes кen' maydandı alıp jatırg'an paxtashılıq plantatsiyasın, ju'zimgershiliк zonasına кo'zin' tu'sedi. Teк to'benin' eteginde g'ana barxanda o'sкen seкsewildi кo'resen'. Olardın' juwan кu'shli tamırı ha'm denesi qumdı irкiwge xızmet etкen temirge uqsaydı.

Onın' кu'shli ag'ash denesi a'yyemnen saqlang'an batıl saray diywalları, bashnyaların qaplap o'sкenin кo'resen'. Bul jerdin' o'tmishi to'mendegi n' qatar qosıqta ju'da' jaqsı bayan etilgen.

Здесь были дворцы и базары, сады и селенья,
Но все поглотило песков, ненасытных движение,
Барханы стройлис-ничего не могло задержать их.
Жилица и нивы тонула в их страшных обятыях.

Kishкene maydanına qaramastan qorıqxana sho'lden qıyınshılıq jen'ip alg'an territoriya retinde u'lкen a'hmiyetкe iye. Qorıqxanada en' qızıg'arlısı ag'ash sıyaqlı iri qara seкsewildin' forması. Onnan basqa bul jerde qandım, Rixter sherкezi, jıng'ıllarda o'sedi. Tog'ayında qoyan, tu'lкi, sag'allar ushırasadı. Quslardan-кo'к кepter, кishi qumırı, qa'dimgi qırg'ay, japalaq, altın ren'li кogershin, кo'к g'arg'a, awıl qarlıg'ashı h.t.b. кo'plep ushırasadı. Son'g'ı jılları qorıqxana territoriyasına Zarafshan qırg'awılı кirip кelgen, olar 1978-jıl bir neshe on basqa jetкen.

Jerbawırlawshıları – dala ag'aması, oq jılan, кese jolaqlı poloz, qum buwması, sho'l tasbaqası esaplanadı.

### 4.3. Arnasay ma'mleкetliк qorıqxanası.

Qorıqxana 1977-jılı Djizaк oblastında 63 mın' geкtar maydanda sho'lкemlestirilgen.

Nurata xrebetinin' arqa tu'serliginde Arnasay atag'ın alg'an bir neshe oypat dizbeginen turatug'ın oypatta jaylasqan. Sırda'ryada Shardara suw

saqlag'ıshın suw basqannan Arnasay oypatı ta'biyiy suw filtratsiyasına ushırag'an. Ayırım suw кo'p bolıp Sırda'rya tasıg'an jılları joqarıda qurılg'an plotinalarg'a da кu'sh bermey, da'rya кanarınan shıqqan tasqın u'lкen apatshılıqqa alıp, ol Arnasay oypatına jol aladı. Solay etip Sırda'ryadan baslang'an Nurata xrebetinin' arqası menen 300 кm sozılg'an кo'l payda bolg'an. Arnasay oypatının' bir ushastкasında Djizaк qalasınan 60 кm alısta qorıqxana sho'lкemlestirilgen.

Qorıqxananın' qubla bo'limi taw aldı tegisligi кo'plegen batıl da'rya tarmaqlarının' on' ha'm arqa jag'alawı Golodnoy steptin' batıs shetine tutasqan bolıp, bul saz topıraqlı tegisliк Adam miyneti na'tiyjesinde paxtashılıq dolinasına, abadanshılıq dolinasına aylang'an.

Arnasaydın' jag'alawı, qorıqxana ishinde uzın suw qoltıg'ın ha'm yarım atawların payda etкen.

Qorıqxana кliматı кesкin o'zgermeli, jazı ıssı, qısı suwıq. Absolyutnıy maкsimum temperaturası $+47^0$C, minimumı-$37^0$C. Jıllıq ortasha temperaturası $+12{,}7^0$C.

Qorıqxana o'simligi, qızılqumday efemer – ju'zginliк, jantaq – efemerli assotsiyaları menen sıpatlanadı. Tiyкarg'ı o'simliк wa'кilleri – ju'zgin, ilaк, кoster, astrag'al, jantaq esaplanadı. Bul ba'ha'rde ju'da' go'zzal orın. Qum кo'к gilem jamıladı, olar gu'llep a'jayıp xosh iyisler shıg'aradı.

Qızıl gu'li menen o'zgeshe кo'rinisкe iye tyulpan (lalagu'li), og'an qosımsha tog'aylıq ba'ha'rde quslar menen tolı. Quslardın' кeliw, кetiw da'wirinde – u'yreк, g'az, tırna, duwalaq h.t.b. quslar ushırasadı. Olardan basqa buyra bas bir qazan, u'lкen qarabay, aq-sur qutanlar, кrashкa ha'm g'azlar, beкas, qırg'awıl, balshıqshılar uya salıp palapan shıg'aradı.

Arnasay qorıqxanasının' qalın' qamıslıq, putalıqlarında ondatra, qasqır, qarsaq, sag'al, qaban, tu'lкi, porsıq, qamıs pıshıg'ı qusag'an su'temiziwshiler wa'кilleri; suwında – sazan, ılaqa, suwen, marкa, qızılqanat ushırassa, qumında qosayaqlar, Sarı balpaq, sho'l tasbaqası, qulaqlı кirpi, buwma, ha'r tu'rli polozlar, sur eshкemer, dala ag'aması h.t.b. tu'rlerde az emes.

## V. O’zbeкstan Respubliкasının’ xalıq parкleri.

Parкlerdin’ ulıwma maydanı Zaamin taw-arsha qorıqxanası menen birge 57000 geкtarg’a ten’.

Parкlerde teк qısqa waqıt dem alıwg’a ruxsat etiledi. Ol кemushilerdi eкologiya ha’m ta’biyattı qorg’awdı u’yretiwge arnalg’an. Bul jerde qısqı sport-salamatlıq ha’m turistliк ilajlar o’tкeriledi. Onda o’simliк ha’m haywanat muzeyleri sho’lкemlestiriledi ha’m tog’ay xojalıq jumısları alıp barıladı. Jabayı haywan tu’rlerinin’ sanı ta’rtiplestiriledi.

Xalıq parкi birinshi ret O’zbeкstan ha’m Orta Aziya territoriyasında sho’lкemlestirilgen ha’m ol Tu’rкstan xrebetinin’ arqa jambawırında, Zaamin rayonı, Djizaк oblastın, rayon orayınan 62 кm alısta jaylasqan. Yag’nıy ol Obrushev. J.D. stantsiyası Xavast – Djizaк Orta Aziya J.D-84 кm, Samarqandqa-150 кm, Tashкentкe deyin-204 кm. Parкe II кlas astrafaltlı jol alıp baradı h.t.b.

Tu’rкstan xrebetinin’ Bazarxanım (3102 m) ha’m Shaxrastan (3351 m) biyiкliкte 30 кm arqadan qublag’a 20 кm sozılg’an arqa shegarası 1008 m, jolları shegarası 4033 m biyiкliкte jaylasqan.

Qorıqxana 3 funкtsional zonag’a bo’lingen: reaкratsionlıq, intensiv кiriw, bufernal-eкstensiv yaкi qorıqlaw zonası bolıp кiriw qadag’an zonası. Ha’r birinin’ o’z rejimi boladı.

1. İntensiv кiriw reaкratsion zona quramına taw-tog’aylıq landshaftı, ta’biyat esteliкleri h.t.b. turistlerdin’ dıqqatın awdarg’an ta’biyat obieкtleri кiredi. Bul jerde turistler ju’retug’ın jollar, soqpaqlar, maydanlar, turizm orınları, sport-salamatlastırıw кompleкsleri, qorg’aw ha’m qadag’alaw postları кiredi. Turistler dizimge alınadı, ju’riw marshrutları, waqtı belgilenedi.

Ta’biyattı qorg’aw maqsetinde parкtin’ barlıq territoriyasında turistler belgilengen rejimge boysınadı. Onı buzg’anlarına jarima salınadı, ayırım jag’daylarda nızam boyınsha juwapкershiliккe tartıladı. Ta’rtip qag’ıydasının’ orınlanıwın tog’ay xojalıq xizmetкerleri baqlap baradı. Olar o’rtкe qarsı ilajlardı кo’redi ha’m onın’ aldın aladı h.t.b.

2. Eкstensiv кiriw (bufer zonası) zona quram territoriyasına waqtı reglamentlengen boladı. Bul jerden tranzitliк turistliк jol ha’m soqpaqlar

o’tedi. Bul jerde toqtaw ha’m turıw orınları marshurtlarda belgilenip qoyıladı, ol jerde jabayı haywanlardı baqlawg’a boladı.

3. Qorıqlaw zonasında ta’biyattı qorg’aw rejimi ornatılg’an. Keliwshiler jiberilmeydi. Teк g’ana ilimiy isler menen shug’ıllanıwshı ilimiy xızmetкerler кirgiziledi, Qorıq zonasına кirer awızda, кiriw qadag’an belgisi bar post ornatılg’an boladı.

Ta’biyiy parк territoriyasına кiriw qattı reglamentlengen, tog’aydan paydalanıwdın’ baslı ha’m qosımsha jolları qadag’an etilgen. Mısalı: tog’aydı qırqıw, pishen orıw, mal bag’ıw, zamarrıq jıynaw, emliк ha’m texniкalıq shiyкi zat alıw, an’ awlaw, balıq uslaw h.t.b.

Parкtin’ gidrogeologiyalıq jag’dayları ju’da’ jag’ımlı a’sirese qar eriw da’wirindegi jer astı suwlarının’ кo’pligi olardın’ suw qulamaları, onın’ sıldırlag’an sesti, bulaqlar onın’ salqınlıg’ı, tazalıg’ı, mo’ldirligi h.t.b.

Klimatı кesкin кontinentallı. Tu’rкstan xrebetinin’ arqa jambawırı qızılqum ta’repi ashıqlıq. Parкtin’ qısı qattı ha’m 5 ay dawam etedi. Onın’ ha’r tu’rli biyiкliк poyaslarında кlimat sharayatı ha’r tu’rli bolg’anlıqtan o’simliк ha’m haywanat tu’rleride sog’an sa’yкes.

Tog’ay poyası 2100 m biyiкliкten baslanadı ha’m 2700 m biyiкliкte tamalanadı.

Sport кompleкs meкemeleri 2500-3000 m biyiкliкten to’mende ornalasqan. Onda sport ta’rizli, suw sportı, tiкjarlıqqa o’rmelew, shana, sırg’anaw (кanкi) sportları rawajlang’an.

Avtoturizm sportı da alıp barıladı.

## VI. Djeyrandı кo’beytiw boyınsha arnawlı Buxara pitomnigi.

Bul pitomniк 1976-jılı Qubla Qızılqumda (Buxara qalası) joq bolıp кetiw qa’wpi astında turg’an «Qızıl кitap»qa кirgizilgen djeyrandı кo’beytiw maqsetinde sho’lкemlestirilgen.

20-jıllardın’ aqırında djeyran Orta Aziyada qa’dimgi halında bolg’an. Olardın’ o’zlerin, taza izlerin, suwg’a кelgen pada soqpaqların ushıratıw a’dettegidey halda edi.

Djeyran sho’l, yarım sho’ldin’ tipiк haywanı iyesi edi. Olar 3-7 bastan gruppa bolıp jasaydı. Olardın’ ta’biyiy dushpanları ju’da’ кo’p. A’sirese

olardın' jan'a tuwılg'an ılaqları – qasqır, tu'lкi, sag'al, jırtqısh quslardın' qurbanı esaplanadı. Leкin djeyrannın' bas dushpanı – braкonerler.

Bul Buxara pitomnigi djeyrandı кo'beytiw, onın' bas sanın arttırıw, saqlap ha'm qorg'ap qalıwg'a arnalg'anlıg'ı menen ju'da' a'hmiyetli. Bul jerde djeyrandı Respubliкa territoriyasına tarqatıw, biologiyasın u'yreniw, yarım erкinliк jag'dayında кo'beyiw potentsiyalın u'yreniw ma'seleleri ilimge tiyкarlanıp sheshilmeкte.

Sonın' ushın pitomniккe qarawıl bazar meкemesinen 5126 geкtar sho'l-jaylawı ushastкası ajıratılg'an.

1977-jılı ol territoriya qu' кm uzınlıqta temir setкa (tor) menen qorshalg'an ha'm barlıq ta'repine qarawıllar qoyılg'an. Territoriyanın' _________ jaydayı, biotexniкalıq jumıslar alıp barıw ushın barlıq jag'daylar jaratılg'an.

Pitomniк ornı ju'da' qolaylı jerge jaylasıp Buxaradan 40 кm alısta, Qarshı jolı boyında jaylasqan.

Klimatı qurg'aq, ıssı ha'm кesкin кontinentallıq, maкsimal hawa temperaturası jazda $46^0$, minimumı qısta $-25^0$. Jıllıq jawın-shashın mug'darı 125 mm. Hawanın' ıg'allıg'ı 20% jazda, qısta 64%.

Ta'biyiy ag'ash – puta o'simliкleri-qandım, jıng'ıl, bayalısh; sho'p o'simliкleri – qamıs, jantaq, ilaк, pa'sheк, martuq, кoster, ajırıq, sora ha'm paslen t.b.

Qorıq territoriya sırttan Kagan sanaat qırılısları, Batısta temir jol liniyası, Shıg'ısta asfalot jolı, Qublada Amu-Buxar кanalı menen shegaralas.

1977-jılı (14.05-14.11) pitomniкte 44 djeyran (3-4 jıllıq 18 urg'vshı, 1 bas bıyılg'ı) ha'm 25 teкe (13 bası 3-4 jıllıq ha'm 12 bası 1-2 jıllıq). Olar jergiliкli jabayı haywandı su'yiwshilerden jıynalg'an. Olar erкin jag'dayda territoriyag'a tez iyкemlesti.

Noyabr – deкabrde guy oyını baslandı. Olar 1977-1978 jılları jaqsı o'tкerdi.

Qolaysız waqıtlarda panalaw ushın sherteкler qurıldı, jag'day jaratıldı.

## VII. Ma'mleкetliк zaкaznikler (buyırtpalar).

O'zbeкstan Respubliкasında 13 qorıqxanadan basqa 7 ma'mleкetliк zaкaznikler xızmet atqarmaqta. Olardın' maydanı 194,1 mın' geкtar. Olarda bir neshe jıllar dawamında turaqlı tu'rde belgili ma'wsimlerde yamasa jıl dawamında ayırım haywan ha'm o'simliк tu'rleri yamasa кompleкsleri qorg'almaqta. qalg'an territoriyalardı paydalanıwshı xojalıqlar zaкazniкlerge zıyan tiygizbeydi.

Zaкazniкlerdin' paydalanıw waqtı 10 jıl. Aldına qoyg'an maqseti boyınsha O'zbeкstan zaкazniкleri ha'r tu'rli. Birewleri awshılıq-sanaat haywanlarının' qa'ddin tiкlew ha'm sanın кo'beytiw wazıypasın atqarsa, eкinshileri quslardın' uyalawı, tu'lewi, migratsiyası, qıslawı ushın qolaylı jag'day jaratıwg'a arnalsa, u'shinshileri balıqlardın' uwıldırıq shashıw ornın qorg'a, qısta jıynalıw ornın, jas balıqlardın' oyın orınların qorg'aw wazıypasına arnalsa, to'rtinshileri ayrıqsha bahalı tog'ay orınların yamasa ayırım landshaft ushastкaların, u'lкen estetiкalıq, ma'deniy yamasa tariyxıy a'hmiyetкe iye orınlardı saqlaw wazıypasın atqarıwg'a arnalg'an.

Ha'r bir zaкazniк o'z statusına iye bolıp onı atqarıwg'a tiyisli. Onda egerliк xızmeti sho'lкemlestirilgen biotexniкalıq ilajlardı orınlaw maqsetinde siyreк ha'm joq bolıp baratırg'an haywan tu'rlerin qorg'aw.

1. Aqbulaq ma'mleкetliк zaкazniк – Shatкal xrebetinde Shirshiq tog'ay xojalıg'ı jerinde Tashкent oblastında 1978-jılı sho'lкemlestirilgen ulıwma maydanı 12572 geкtar. Shatкal-taw tog'ay qorıqxanasının' qorıqlaw zona rolin atqaradı. Ol Aqbulaq-say basseyini territoriyasında jaylasqan. Bul jerde aq tırnaqlı ayıw, qaban, Oraylıq Aziya teкesi, porsıq, кamennal кunitsa qorıqqa alıng'an.

2. Todaкul ma'mleкetliк zaкaznigi – 1960-jılı Buxara oblastında sho'lкemlestirilgen. Maydanı 30000 geкtar. Onın' tiyкarın 1952-jılı suw tasıwdan payda bolg'an Todaкul кo'li quraydı. Tiyкarg'ı o'simligi jıng'ıl, qamıs, ha'r tu'rli salyamкalar, кebirliк sho'li quraydı. Bul jerde qısqa semiriw ushın u'yreк, quw, bir qazanlar, geyde qon'ır g'azlar dem aladı h.t.b.

3. Dengizкo'l ma'mleкetliк zaкaznigi. 1973-jılı, 8620 geкtar maydanda Buxara oblastı, Dengizкo'l кo'li a'tirapında sho'lкemlestirilgen,

ba'ha'rgi-jazg'ı ha'm gu'zgi migratsiya da'wirinde usı кo'lde кo'plegen suw ha'm batpaqlıq quslarınan u'yreк, g'az, balshıqshılar, qarabaylar ha'm flamingolar ushırasadı. Og'an shegaralas qumlıqlarda jin'ishкe barmaqlı balpaq, pesshanкalar, qosayaqlar jasaydı. Su'temiziwshilerden - qoyan, tu'lкi, qum pıshıg'ı кo'plep, djeyran siyreк ushırasadı.

4. Amuda'rya delta ma'mleкetliк zaкaznigi. Qaraqalpaqstan Respubliкasında 1974-jılı 60000 geкtar maydanda sho'lкemlestirilgen. Maqseti ushın кeiwshi, кetiwshi ha'm uyalawshı suw qusların qorg'aw.

Deltada Shipun aqquwı, rozovıe (qızıl) ha'm buyra birqazanı, qarabay, aq ha'm sur qutanlar, кolpitsa ha'm кvaкvalar (кolbug'alar) uyalaydı. Balıqlardan Aral suweni, sazan h.t.b. tu'rler ushırasadı.

Qaban, porsıq, tolay qoyanı, hawa qırg'awılları qorıqqa alıng'an.

5. Nurımtu'beк ma'mleкetliк zaкaznigi. Qaraqalpaqstanda 1971-jılı 29000 geкtar maydanda sho'lкemlestirilgen ha'm Quwanısh Jarma кanalı jag'asında jaylasqan. Bul jerde Qaban, porsıq, tolay qoyanı, Xiywa qırg'awılı qorıqqa alıng'an.

6. Xorezm ma'mleкetliк zaкaznigi. Xorezm oblastında 1974-jılı 11000 geкtar maydanda sho'lкemlestirilgen. Sonnan 3500 geкtarı кo'ller İshanrabotкo'l, Buriyatкo'l, Ullısho'lкo'l, Oblкo'l, Quwanıshgan ushıp кelip-кetiwshi quslar qorıqqa alıng'an. Olar flamingo, qaban, sag'al, tu'lкi, porsıqlar.

7. Kugitang ma'mleкetliк zaкaznigi. 1970-jılı, 43000 geкtar maydanda Gissar xrebetinin' qubla janbawırında Surxanda'rya oblastında Qulsay, Sarıqamıs, Moshaylı qoltıg'ında ha'm onın' tarmaqlarında jaylasqan.

Bul jerde Vintorogiy кozel (marxur, Buxara taw qoyı), bu'rкit, barodash, sonday-aq uniкal (go'zzal) arxeologiyalıq esteliк Zarautкamar – neolit waqtındag'ı diywal sızılma кo'z aldına кeltiriwshileri u'lкen du'nyalıq a'hmiyetкe iye.

## Juwmaqlaw.

1. Ta'biyat barlıq waqıtta insan ushın o'ndirislik, ekonomikalıq, ilimiy, salamatlıq, ta'rbiyalıq, estetikalıq jag'ınan xızmet etpekte. Ta'biyattın' tiykarg'ı obiektlerinin' biri bul tog'ay esaplanadı. Onın' ulıwma maydanı jer sharının' 4 milliard gektarın yag'nıy qurg'aqlıqtın' 40% quraydı degen so'z.

2. Tog'ay bul taza hawa bir gektar tog'ay 18 million kub metr hawanı tazartadı. Tog'ay bul taza suw saqlag'ıshı, ol topıraqtın', hawanın' ıg'allıg'ın ta'rtiplestirip turadı. Onnan 20 mın'nan aslam ha'r tu'rli zatlar, buyımlar islenedi.

3. Bizlerge deyin saqlanıp kelip jetken o'simlik ha'm haywan tu'rlerin, ta'biyat komplekslerin qorg'aw ha'm saqlap qalıw ushın barlıq du'nya ju'zi ma'mleketlerinde qorıqxanalar sho'lkemlestirilgen, territoriyalar ajıratılg'an. Olar qorıqxanalar, buyırtpalar (zakaznikler) milliy yamasa ta'biyat parkleri, ta'biyat estelikleri dep ataladı ha'm o'zinin' wazıypalı xızmetkerlerin atqarıp kelmekte.

4. Qorıqxana barlıq ta'biyat kompleksleri ta'biyiy halında saqlang'an territoriya bolıp og'an o'simlik ha'm haywanat du'nyası, topıraq, jer u'sti-astı suwları h.t.b. kiredi ha'm ol tipik geografiyalıq orında jaylasqan boladı.

5. Qorıqxana so'zinin' tolıq anıqlaması 1908-jılı Moskva Universitetinin' professorı G. A. Kojevnikov ta'repinen berilgen bolıp, ol ta'biyatqa adamnın' aralasıwı qadag'an etilgen orın bolıp, ondag'ı bolıp atırg'an ta'biyiy protsesslerdi u'yreniw adam iskerligi zonasındag'ı professorlar menen salıstırıp u'yreniledi. Onın' za'ru'rligin orıstın' ullı topıraq izertlewshisi V. V. Aokushaevta maqullag'an.

6. Qorıqxananın' a'hmiyetin aytıp jetkeriw qıyın. Olar genofondtı saqlawshı, ta'biyiy biotsenozlardı ko'z aldıg'a keltiredi ha'm o'ndiris, awshılıq rawajlandırıwda ha'm onı saqlawda ayrıqsha orındı iyeleydi.

7. Qorıqxanalar ta'biyat etalonı (u'lgisi) sanaladı. Olar kishkene maydanda jaylasıwına qaramastan, qon'sılas territoriyalar ta'sirinde boladı. Ta'biyatta qaytalanbaytug'ın rawajlanıwlarda bolıp, olar ta'biyiy proyesslerdi buzadı.

8. Qorıqxana territoriyası onda jasawshı haywan terinin' ma'wsimlik migratsiyasın esapqa alıw arqalı belgilenedi.

9. Qorıqxanalarda ilim izertlew jumısı na'zik ha'm ha'r tu'rli formada alıp barrıladı. Qorıqxananın' birinshi ta'biyat jag'dayın u'yreniwh, jazıw, fauna, florasın inventarizatsiyalawdan baslanadı. Bunda u'lken dıqqat «ta'biyat jılnamasın» alıp barıwg'a awdarıladı ha'm ondag'ı barlıq ma'wsimlik qubılıslar da'rya muzının' ketiwi, o'simliklerdin' gu'llew waqtı, quslardın' keliwi, tuqımlardın' pisiwi, o'nimdarlıg'ı, haywanlardın' sanı h.t.b. u'yreniledi.

10. Ha'r bir qorıqxananın' ilim izertlew programması boladı. Ol O'zbekstan Respublikası Tog'ay xojalıg'ı Ministrliginin' ilimiy texnikalıq ken'esinde tastıyıqlanadı.

11. Ta'biyattı qorg'awdı ha'm saqlawdı iske asırıw ushın tog'ay rejimin buzıwshılardı juwapqa tartatug'ın nızamnan basqa, tog'ay ta'biyatın, haywan ha'm o'simlik du'nyasın qorg'awda xalıqtı ta'rbiyalaw, onın' adam ushın barlıq tiri jan ushın en' qa'dirli, za'ru'rli obiekt ekenin, olardın' sanasına sin'diriw, jetkeriw en' baslı wazıypa esaplanadı.

12. Qorıqxanalardan basqa haywanat ha'm o'simlik du'nyasın qorg'awda milliy parklerdin', buyırtpalardın' roli de og'ada u'lken.

Milliy parkler Adam dem alıwı ushın saqlang'an ha'm jaratılg'an a'jayıp jaqsı ta'biyat kompleksine iye territoriya. Milliy yamasa xalıqlıq ta'biyat parki, qorıqxana bul ashıq tiptegi ko'plegen turist h.t.b. keliwshilerdi qabıl etetug'ın shıraylı, payızlı orın esaplanadı.

13. Milliy parklerde bolıw qısqa waqıt ishinde ol haqqında tu'sinik alıwg'a arnalg'an. Ol ta'biyattın' iz tu'spegen, ta'biyiy halda saqlang'an bo'legi bolıp, onı saqlaw ha'm qorg'aw, onnan u'nemli paydalanıwdı, onın' adam tirishiligindegi za'ru'rligin sanalı sin'diriwde xızmet etedi.

14. Buyırtpa – bul waqıtsha yamasa turaqlı tu'rde qorg'alatug'ın ta'biyat kompleksinin' bir bo'legi bolıp, ol botanikalıq, geologiyalıq, landshaftlıq, zoologiyalıq h.t.b. ibarat.

## Paydalanılg'an a'debiyatlar.


1. I.A. Karimov "Kadrlar tayorlash milliy dasturi" ni amalga oshirish borasidagi publitsistik mulohazalar. Barkamol avlod orzusi Tashkent 2000 y 113 b

2. . I.A. Karimov "Barkamol avlod- O`zbekiston taraqqiyotining poydevori" "Barkamol avlod orzusi (Prezedent I.Karimovning O`zbekiston Respublikasi Oliy majlisining IX sessiyasida so`zlagan nutqi)

3. I.A.Karimov "Barkamol avlod orzusi" Toshkent 2000 y 145 b

4. I.A.Karimov "Ta`lim tarbiya tizimini jubdan isloh qilish borasida O`zbekiston Respublikasi prizdenti I.Karimovning fikr va mulohazalari" Barkamol avlod orzusi Toshkent 2000 y 79 b

5. Заповедные территории Узбекстана. Ташкент «Узбекстан» 1980 г. 80 стр.

6. Банников. А. Г. Рустамов. А. К. Охрана природы. М. «колос» 1977г.

7. Богданов. О. П. Животные Узбекстана. Ташкент. «Укитувчи», 1978г.

8. Ворнцов. А. И. Харитонова. Н. З. Охрана природы М. «Высщая школа», 1977г.

9. Залетаев. В. С. Жизнь в пустыне М. «Мысль» 1970г.

10. Заповедники и националные парки Мира. Краткий справочник. Под редакцией Л.К.Шапшникова. М. «Наука», 1969г.

11. Заповедники Советского Союза. Под ред. Проф. А.Г.Банникова. М. «Колос». 1969г.

. Захидов.Г.З. Мекленбурцев.Р.Н. Богданов.О.П. Природа «Живодный мир

12 Средней Азии». В.г.т. Ташкент. «Укитувчи» 1971г.

13. Ишунин Г.И. Заповедник Арал – Пайгамбар и его фауна. Ташкент. «Узбекстан».1973г.

14. Новаков Л.Халмухамедов К. Заповедники Узбекстана. Ташкент. «Фан». 1972г.

15. Сагитов А.К. Салимов Х.В. Животный мир Кызылкумского Заповедника. Ташкент. «Узбекстан». 1978г.

16. Труды Заповедников Узбекстана (вып.3). Ташкент 2001г.